ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№244-245 (21.653) ● 2009 гъэм дыгъэгъаз эм (декабрым) и 25, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Гъащ Іэм къигъэув къалэнхэр

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий дыгъуасэ яІущащ Урысейм и телеканал нэхъ пажэхэм я упафэщІхэм. 2009 гъэм къыригъэхьащ ар зытеухуауэ щытар.

КЪЭРАЛЫМ и Іэтащхьэм къыхиутэбелджыныкІащ гъэр гугъуу зэрыщытар. Ар къызыхэкІар дунейм къыщыхъуа финансыр кризисырщ. Апхуэдэ щытыкІэ мыгъэнщым кІэ игъэуатэу ЖынІэнЫр щыуагъэщ. Абы ижь къыщихунущ дызыхыхьэну итъэсми.

АрщхьэкІэ, УФ-м и Президентым зыкъыдэхихгъэщащи, къэралым къащхьэупІащ нэхъ Іуэхугъэшхэу дыдэхэу щы: псэунагъэ и лъэныкъуэкІэ зыхъугъэуцужа къаІэн псори, уеблэмэ щІигъуу ягъэзэщІащ. Пенсэхэу ялэрыхьэр Іыхьэ щанэкІэ нэхъыбэ хъуащ. ЕтІуанэрауэ, финансІэнатІэр зэпІэзэрыту къызэтенащ. Абы и фІыгъэкІэ инфлицэр мы гъэм проценти 9-щ зэрыхъуар. Ар Іейкъым, нэгъабэ а бжыгъэр процент 13 хъуу зэрыщытар къэпльытэмэ. Ещанэрауэ, къэралыр предприятэ псоми адэ Іэпыкъуфащ. Абы и фІыгъэщ гъэкъанПэнщэхэм я бжыгъэм къудкІэ зэрыхэмыхъуар.

Пэжщ, къемыхъуІаехэри мащІэкъым. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэщ Урысейм и хэхъуэрэр нэхъыбэу къэралым и щІым къыщІащу ящэхэм тещІыхьауэ къызэрынэжар.

Ауэ, Медведев Дмитрий и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, къэкІуэну гъэм фІыкІэ дыщцигугъынкІэ щхьэусыгугъэ псори дпІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, мы гъэм ди экономикэр проценти 8,7-кІэ ехуэхамэ, дызыхъужкІуэ илъэсым абы кІытыр проценти 2,5 - 5-м нэскІэ хэхъуэжыну угугъэ хъунущ.

Къэралым и Іэтащхьэм упщІэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым жэуап яритащ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Илъэсыщ Іэ-2010

ГуфІэгъуэхэм зыхуащІ

Дыгъэгъазэм и 29-м щыщІэдзауэ щыщылэм и 5 щІондэ Къэбэрдей-Балькъэрым и сабийхэм Илъэсыщ Іэр щагъэлъэпІэну Жыпсыкъ дэт профсоюзхэм ЩэнхабзэмкІэ я унэм щагъэуващ метри 10 и лъагагъуу Вольно Аул щыщ унагъуэм щагъэкІа дыжьынифэ псей щІращІэр.

Республикэ ИлъэсыщІэ псейр егъэКІуэКІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ, КЪБР-м и Правительствэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **ДыщкІ Мадинэ** зэрыжиІамкІэ, Правительствэмрэ Профсоюзхэм я Федерацэмрэ я Іуэхум сом зы мелуанрэ мин 477-рэ хухахащ.

ИлъэсыщІэ гуфІэгъуэхэм хэтынущ 1 - 7-иэ классхэм щІэс сабийуэ мини 10. Зэрыгагъэблагъэ бланкэхэр псом япэу хухахынущ нэхъ хуэмыщІа, бын куэд зиІэ унагъуэхэм щыщ сабийхэм, сабий зеиншэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, школ-интернатхэм щеджэхэм. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ дэтхэнэми тыгъэхэр хуагъэхьэзыращ.

Республикэм и районхэмэ, кІалэхэми, лжьакІуэ, еджапІэ гупхэми Илъэсыщ Іэ псейм теухуа гуфІэгъуэхэр щрагъэкІуэкІынущ, сабий зехэшэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, школ-интернатхэм щеджэхэм. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ дэтхэнэми тыгъэхэр хуагъэхьэзыращ.

Республикэм и районхэмэ, кІалэхэми, лжьакІуэ, еджапІэ гупхэми Илъэсыщ Іэ псейм теухуа гуфІэгъуэхэр щрагъэкІуэкІынущ, сабий зехэшэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, школ-интернатхэм щеджэхэм. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ дэтхэнэми тыгъэхэр хуагъэхьэзыращ.

ДыщкІ Мадинэ зэхэсыхигъэщамкІэ, мафІэсым хэсакъынымпыщІа Іуэхугъуэхэм гулытэ хэха хуащІынущ. Абы папщІэ УФ-м и МЧС-м и щІыналъэ къудамэм чэнджэщ ирагащ республикэ ИлъэсыщІэ псейр щрагъэкІуэкІ зэманым щытыкІэм тКІийуэ кІэлъыплъынущ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

● КъБР-м и Правительствэм

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

КъБР-м и Правительствэм и Упафэщым и япэ къуэдзэ Тхъэзэщ Мурат дыгъуасэ пригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 20-м щІигъум щыхэпльащ.

РЕСПУБЛИКЭМ промышленностымкІэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Кулиев Мустафир** къызэрыхилъхьам ипкъ иткІэ, КЪБР-м и Правительствэм и Къэрал псэупІэ инспекцэ управленэр зэхуащІыжащ. ЗэуІуу зэрагъэхьэзырам тету, «Ветеринар Іуэхутхъэбзэхэр зэрыхуащІэр зэкІэлъыгъэкІуэныкъуэ зэрыхуащІэр ІыхьэмкІэ Іуэхугъуэхэр» 1998 гъэм накъыгъэм и 3-м КЪБР-м и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №190-м къару имыІэжу къалъытащ, «Къэбэрдей-Балькъэр Р республикэм и щІыпІэ дахащэм псыр щытепщэщ. Ар идыдэ зэи хуэмыдэу лъагэу къыдэкІуеящ сантиметр 143-кІэ.

Италием и нэгъуэщІ щІыналъэр - Сицилиер - бэлыхь хэзыгъэтыр дэ идкъыпсту тхуримыкъуагъ: мыбы хуабэр зэуэ щыдзоуеящ градус 20-м нэсу. ЗэрыгурыуІуэгъуэ, гъэм и мыпхуэдэ зэманым, ари щІагъуэкъым...

БАЦІЭ ФатІимэ.

● Урысыгъэ

Фейдэ къозытыр къэІэтыжьыпхъэщ

Бдзэжьей гъэхъуным елэжь хозяйствэ псоми зэхэту 2009 гъэм тонн 1000-щ зыІэрагъэхъэфар. ЗэманкІэ дызэІэбэкІыркмэ, а бжыгъэр 2000-м нэсу щытащ.

ЩХЬЭУСЫГЪУЭР зыщыльагъупхъэр бдзэжьей гъэхъупІэу къэнар ди гуэлхэм я Іыхьэ щанэр зэрыларарщ. Адрейхэр хокІуздэжи зэзыгъэпэщыжьи, зезыкъэн зэрыщымыІэм къыхэкІыу. Ар умыгъэщІэгъэн плъэкІыркъым, КъБР-м щыпсэухэм къащхьу бдзэжьейм и процент 95-р Урысейм и адрей щІыналъэхэм къызэрырашыр къэплъытэмэ, Ауэ щыхъукІэ, бдзэжьей гъэхъуныр щІэхьу фейдэ къыхэзыпхъуэ Іуэхущ.

Іуэхур егъэфІэкІуэжьыным ящІ ящхьэ ихьащ «КъэбэлькъурыбХоз» зэгухьэныгъэр: гуэл псы щІыІу гектар 20-м нэс ягъэжьэбзащ, кІэнауэхэрэ дэкІуэр.

Ассоциацэм бдзэжьей зыгъэхьу хозяйствэхэм папщІэ мы гъэм зэрригъэпэщащ алафІэгъу бдзэжьей лъэпкъыфІу мелуани 5-м нэс. Абы щыщу мин 200-р ящащ. Гъатхэм гуэлхэм хаутыпщхьэну адрей жылагъэхэр щІымахуэм зэрыщІэкІыным хуэдэу зыхуей хуагъэзащ. Бдзэжьей гъэхъуным елэжь ІуэхущапІэхэр къэщІэрэщІэкмэ, ди республикэм дежкІэ ар фейдэшхуэ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● ИлъэсыщІэ-2010

ГуфІэгъуэхэм зыхуащІ

Дыгъэгъазэм и 29-м щыщІэдзауэ щыщылэм и 5 щІондэ Къэбэрдей-Балькъэрым и сабийхэм Илъэсыщ Іэр щагъэлъэпІэну Жыпсыкъ дэт профсоюзхэм ЩэнхабзэмкІэ я унэм щагъэуващ метри 10 и лъагагъуу Вольно Аул щыщ унагъуэм щагъэкІа дыжьынифэ псей щІращІэр.

Республикэ ИлъэсыщІэ псейр егъэКІуэКІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ, КЪБР-м и Правительствэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **ДыщкІ Мадинэ** зэрыжиІамкІэ, Правительствэмрэ Профсоюзхэм я Федерацэмрэ я Іуэхум сом зы мелуанрэ мин 477-рэ хухахащ.

ИлъэсыщІэ гуфІэгъуэхэм хэтынущ 1 - 7-иэ классхэм щІэс сабийуэ мини 10. Зэрыгагъэблагъэ бланкэхэр псом япэу хухахынущ нэхъ хуэмыщІа, бын куэд зиІэ унагъуэхэм щыщ сабийхэм, сабий зеиншэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, школ-интернатхэм щеджэхэм. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ дэтхэнэми тыгъэхэр хуагъэхьэзыращ.

Республикэм и районхэмэ, кІалэхэми, лжьакІуэ, еджапІэ гупхэми Илъэсыщ Іэ псейм теухуа гуфІэгъуэхэр щрагъэкІуэкІынущ, сабий зехэшэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, школ-интернатхэм щеджэхэм. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ дэтхэнэми тыгъэхэр хуагъэхьэзыращ.

ДыщкІ Мадинэ зэхэсыхигъэщамкІэ, мафІэсым хэсакъынымпыщІа Іуэхугъуэхэм гулытэ хэха хуащІынущ. Абы папщІэ УФ-м и МЧС-м и щІыналъэ къудамэм чэнджэщ ирагащ республикэ ИлъэсыщІэ псейр щрагъэкІуэкІ зэманым щытыкІэм тКІийуэ кІэлъыплъынущ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

● Урысыгъэ

Щ1ыгъуэ махуэ

Свердловск областым дыгъэгъазэм и 25-р щыгъуэ махуэу щагъэуващ «Истуминоская» щахтым щыкІахэм щхьэкІэ. Щыхуэхэр зэрымысэкъам къыхэкІащ къыщІэхьІэм зэрелъэжьлагъым къэуныр. Щ1ыхуэн 9 хэкІуэдащ.

ЩІыналъэм и губернатор Мешарин Алексей жиІащ хэкІуэдахэм я унагъуэхэм сом мелуан зырызкІэ зэрадэІэпыкъунур.

Ешы щахтым махуищ нэхь дэмыкІыу лэжьэн щІидзэжынущ.

Псыдзэри...

Венецием мы зэм уехъуэпсэнкъым.



Сабий зеиншэхэм тыгъэ хуащІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Зэман кІэщІым къриубыдэу КъШР-м и сабий зеиншэ 22-м псэупІэхэр иратынущ.*

ИДЖЫБЛАГЪЭ правительствэм иригэкІуэкІа зэІущІэм егъэзэжьыгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, министр Шаповаловэ Иринэ зэрыщыжиІамкІэ, а псэупІэхэр къызэращхуну ахъшэр бюджетым къыхэкІащ.

ЩІыхьэху

Илъэсыщ1эм и я1 кьыхуэу Къэрэшей-Шэрджэсым и кьалэхэм, районэхэм республикэ щ1ыхьэху щек1уэжьынущ.

Іуэхущ1апІэ псоми.

Зи псалъэ нахуэм и напэр хужьщ.

КъШР-м и президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ, республикэ щІыхьэхум щІыху мин 23-м нэблагъэ хэтынущ. Ягъэхьэзэну, зэщІыкъуну щІыпІэхэр яубыдыхащ. Абыхэм кІыхьэщІыбыдэнущ метр зэбгъуэзнатІэ мин 500-м щІигъу, куэншыб тонн минитІым нэблагъэ ирашынущ.

ЗэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэ

АБХЪАЗ. *Урысей Федерацэмрэ Абхъазыбзэм я хэщІапІэхэр Сыхумкъ Мэзкуурэ щыхуэхьым теухуа унафэ мыгъэуэ кьаштэнущ.*

УРЫСЕЙ Федерацэмрэ Абхъазыбзэ нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ я министрхэу Лавров Сергейрэ ШамбэСергейрэ абы екъэІа зэпсэльэныгъэхэр ирагъэкІуэкІащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Іуащхьэмахуэ куей

Гулъытэ щагъуэт

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Іуащхьэмахуэ куейм щыІэщ Жыпсыкъуэм социальнэ Іуэхутхъэбзэ яхуэщІэнымкІэ центрыр.

АБЫ И УНАФЭЩІ Толгуров Магомед щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, ІуэхущапІэм щылажьхэм я кІалэнщ зи ныбжь хэкІуэтахэм, зи закъуэу псэухэм, узыншагъэмкІэ сэкъат зиІэхэм, унагъуэ хуэмыщІахэм ядэІэпыкъуныр.

Іуэхущ1апІэм кьемыкІуэнІэфхэм социальнэ лэжьакІуэхэр я унэ кІуэурэ дэІэпыкъу. Апхуэдэу районым щыпсэухэм я бжыгъэр 238-рэ мэхъу. Центрым и лэжьакІуэхэр абыхэм ядоІэпыкъу Іуэхугъуэ куэдкІэ: унэр, пшаІанТІэр хуэзыпыІуах, тыкъуным, аптекэм хуокІуэ, нэгъуэщІ куэди хуащІэ.

Центрым махуэкІэ кьакІуэу щыІэхэм, абы щыщызыгъэпсэхуэхэм я бжыгъэр мащІэкъым. Ахэр щыхьн хэпльыхьанКІэ зэрагъашхэм кьищынэмыщІауэ, медицинэ Іуэхутхъэбзэхэр ягъуэт, я зэщІыгъагъэхэр пшыхь щІэхэщІэхьуэрэ кьиэзрагъэпэщ.

Мы гъэм кьрИубыдэу Іуэхущапі1эм щІыхь мини 3-м Іуэхутхъэбзэ щагъуэтащ.

ДЗЭГЪАШТЭ Азэмэт.

● Псапэ

«Дунейр зэтезыІыгъэр гуапагъэрщ»

Аруан куейм и администрацэм и пресс-Іуэхущапі1эм хьыбар кьиэзрагьдигъэщІамкІэ, апхуэдэ щІэр зыіфаща псапащІэ зэхьыхэ кьэблагъэ Ильясыщ1эм и пэ кьыхуэу мы щ1ыпІэм щрагъэкІуэкІащ. Уэ1ифэ зыхьэхэр зи1э сабий ныбкъуэдыкъуэхэм защІэхьэкъуэным хуэунэІуэу щыта а марафоныр кьиэзрагьэпэщащ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым куейм щиІэ Іуэхущапі1эмрэ «Зыуэ щыт Урысейм» и щІэблэщІэ» абы и кьудамэмрэ.

ДУНЕЙР уэфІ дыдэу щымытми, Аруан куейм ЩІэнхабзэмкІэ и унэм и гупэм щыхьхуэ щьиэзхуэсат. Абыхэм яхэтт «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым Аруан куейм щиІэ ныкъуадамэм и политикэ советым и секретарь, куей администрацэм и Іэтащхьэ Кьаноковыр Антемыркан, районым щыпсэу Зыбзыкуэ зэхэсыныгъэм и гуащэ Бозий ФатІимэ, щІыпІэм щылажьэ уней Іуэхущапі1эхэм я унафэщІхэр, самоуправленэм и депутатхэр, егъэжьанІуэхэр, хьэрычэтыщІэхэр, ныбжьыщІэхэр.

- ЗыхуэзэфІэмыкІым гулытэ зэхуэтщІыну, гущІэгъу тхэлъыныр - ар Тхъэм кьытхигъэув цыхьу кьалэнхэм ящыщ зыщ. Зи Іуэху хуэмыкІуэжьмэ, сымаджэхэм зэщІэдгъакьуэжьІэрэ, дэ, псом япэрауэ, псэкІэ нэхъ кьулей дохьу, апхуэдэуи сэбэп зыпыиль Іуэху долэжь, - кьиэзхуэсэхэм защІэхьэгъэзэм жиІащ Кьаноковыр Антемыркан. - Псапащ1э Іуэхум фыхэтыну фыкьыхьуздэжь. Абыкіэ фхэщІ мылькур бзэгъуэу Тхъэм кьыфхэпхьэжьэм.

Аруан куейм и цыхьухэр жьыдэжру хэтащ марафоным. Ар зыхуэунэтІа сабийхэм псори зэхэту я махуэм хуэзэуахьэщІэщ сом мин 700-м нэс. Псапэ зыІэжьаехэм ящыщщ унэльащІэ щащІ Іэхущапі1эу Сыжакэ Эдуардрэ Уэлдиер Анзоррэ зи унафэщІыр. Ахэр унэльащІэкІэ яхуэгугъу. Ар ягъуэмрэ сабийхэмрэ ядэІэпыкъуныкІэ социальнэ центру Нарткъалэ дэтым. Куейм щылажьэ школхэм я егъэджакІуэхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ, Уае Дадэмрэ Уэс Пщащэмрэ я гъусэу, ипэкІэ я центрым щыхьэщІащ. Абы щыІэ сабийхэм еджакІуэхэм хуахьа илъэсыщ1э тыгъэзэм яхэлъщ щыгъын хуэзэ бзэхэри, тхылъхэри, зэрыджэгу хьэпшыпхэри.

Марафоным и кІэухыу Бозий ФатІимэ фІыщІэ яхуищІащ абы хэта псомэ.

- Илъэсыщ1эр телъыджэхэм я зэманщ, - жиІащ абы. - Нобэ дэ тщІа псапэм апхуэдэ гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ кьыщІигъэщІащ сабий ищхэм я псэм.

ТАМБИЙ Линэ.
Аруан куей.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Хьыбарегъащ1э ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и унафэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал Іуэхущапі1эхэмрэ предприятэхэмрэ щІэгъэувэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м №319-ІІІ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я уху кІэм зэхъуэкІынымкІэ зэхъуэкІынымкІэ хэпльхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 28-м кьыдигъэкІа Указ №66-УП-мкІэ кьащтам теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм 2009 гъэм щыщылэм и 22-м кьыдигъэкІа Указ №12-УП-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш1:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Хьыбарегъащ1э ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и унафэм щІэгъуэвэн нэхъапэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм и унафэ щІэта Іуэхущапі1эхэр, мыбы щыІэу гуэдзэным кьызэрыщагъэльэгъуам тету.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Хьыбарегъащ1э ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и Іуэхущапі1эхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькумрэ щІы кьуелиГъэхэмрэ зехьэныкІэ и министерствэм (Сэхьу М.И.) щІыгъуу хуэфащэ зэхъуэкІынымкІэ хилъхьэн хуейщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал Іуэхущапі1эхэу, предприятэхэу зым кьыхьаныр нэгъуэщІым иратахэм я учредительнэ тхылъхэм.

3. Мы Унафэр гъэзэщІа зэрыхьум кІэлъыплъныр и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1м и къудэз Дыщэкі М.Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МЕРКУЛОВ Александр.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м кьыдигъэкІа Унафэ №319-ІІІ-м и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал Іуэхущапі1эхэу, предприятэхэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Хьыбарегъащ1э ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и унафэм щІагъэувэхэр

1. Къэрал Іуэхущапі1эхэр:

«Къэбэрдей-Балькъэр» хьыбарегъащІэ телевизионнэ канал»

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэ»

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцІэ»

«Заман» газетым и редакцІэ»

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакцІэ»

«Советская молодежь» газетым и редакцІэ»

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал предприятэ: «1905 гъэм кІуэжьа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат».

● Прохладнэ куей

Программэ хэхам тету

Прохладнэ муниципальнэ районым хьыкъэ Солдатскэ, Екатериноградскэ станицэхэм, Альтуд, Нов1-Полтавскэ, Благовещенскэ, Виноградненэ къуажэхэм цы Іуащ1эщІэу кИдометри 6 щыхуэнущ. Ар ирагъэкІуэкІ «2012 гъэ щІондэ къуажэхэм зэрызаужьынур» федеральнэ программэ хэхам тету.

ФЕДЕРАЛЬНЭ, республикэ бюджетхэм кьахэкІыу сом мелуани 6-м щІигъу зыхуаужьтІпща ухуэныгъэр «Монтажстройкомэ», «Стройиндустрия», «Гранит» организацІэхэм зэфІагъэкІынущ.

- Къуажэдэсхэм псэукІэ тэмэм кьахуэзэгъэщІэнымкІэ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ щІыпІэ властым и пащхьэм кьыщагъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Дэ ди кьарур идохьэдІэ абы и лъэныкъуэкІэ цІыхухэр арэзы зэрытщІыным, - жиІэ куей администрацэм и Іэтащхьэ Гертер Иван.

Хьэблэщ1эхэм газ яшэ

Къэрэгъэш жылагъуэм щагъэтІыса хьэблэщІэм мы эмаи гъэнэгъуэ газ кІуапІэхэр щыхуэхэн щІадзэнущ.

«2012 гъэ щІондэ къуажэхэм зэрызаужьынур» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, Степная, ШкІахъуэм, Островскэм, Къуэтепыхьэм я щІэкІэ щыІэ уэрамхэм я гъэсынапхъэр яшэнущ. «Империя-А» ООО-м газыр зрикІуэну бжьамийхэр, кьыхэщыпІэри хэту, километри 4-м щикуэдзэнинущ. Федеральнэ, республикэ бюджетхэм щыщу а Іуэхум сом мелуани 10-м щІигъу хуахахащ.

- Хьэблэщ1эм щыпсэухэр мы хьыбарым щыгуфІыкІащ. Лжьакъэм мы гъэм щІадзэнущ, етІанэгъэ и кІэм нагъэсынущ, - кьигъэльагъуащ Къэрэгъэш къуажэ администрацэм и унафэщІ Ашэбокъуэ Анзор.

ЛУПЫРЕВЭ Ириня.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2010 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрихьыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапі1э псоми.

Ди индексыр 51531

Узынщэу псэуным къыхураджэ

● ЗэІущІэхэр

Бицу Вадим

КъБР-м Узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм иджыблагъэ зи чэзу зэІущІэ щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ. «Узынщагъэ» лъэпкъ проектым и унэтІыныгъэщІэр - узынщэу псэуным цІыхухэр къыхуеджэныр - гъэзэщІа зэрыхъум.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м Хьыбарегъащ1э ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ, Щэнхабзэмкіэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Спортымрэ туризмэмкІэ, Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэхэм, Іэмал зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ фондым я лІыкІуэхэр, узынщагъэр хъумэныкІэ кьалэ, районым управленэхэм я унафэщІхэр, республикэм и сымаджэщхэм я ІэнатІэр нэхъыщхьэхэр.

КъБР-м узынщагъэр хъумэныкІэ и министрБицу Вадим и кьэпсэльэныгъэм кьызэрыхэщамкІэ, узынщэу псэуным цІыхухэр кьыхуеджэныр, апхуэдэ гъащІэм ахэр тешэныр ведомствэ псоми я Іэщ1агъэлІхэр зэхъюлъэу зэфІахьэм ХЕИ Іуэхугъэ1эшхэу. Гъащ1э узынщэм и жыпхэ яубэхьухэм хохьэ физкультурэмрэ спортымкІэ дерсхэр, щІэх-щІэхьурэ дохутырхэр зыкІэлъыпльэгъэпльэныр, къэуат, витамин зыхэлъ ерыскьыкэр нэхъыбэу ди шхыныгъуэхэм хэгъэхьэныр. ЦІыхухэр узынщэу псэунымкІэ лэжьыгъэхэр зещІэгъэІуэныр кьыщыкІэрагъэпэщынущ Налшык, Прохладнэ дэт, узынщагъэр щызэфІагъэувэж центрхэм. Апхуэдэу министрым жиІащ дилъхьэ я узынщагъэр яхъумэным, гъащІэ кІыхь кьагъэщІынным кьызыеджэнэр кьагъанэу, икІэщІыпІэкІэ абы иужь зэрихьэнум тезыгъэгушхуэ щхьэусыгуГъуэхэр кьагъэльагъуэу зэрыщІатІэдзэнур. «Тутыным кьихь зэранэр зыхуэдэр цІыхухэм кьагурыгІэгъэІуэну дэ илъэс куэдкІэ дыхущІэкъуащ, ауэ зыри кьыкІакъым, - пищащ министрым и псалъэхэм. - Иджы дэтхэнэ зыими зыхищІэн зыибгъэхъужьыным нэхърэ, умысымэджэныр куэдкІэ «зэрынэхъ пудыр».

КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрхэм я кьудэзэху **Зарукий Александр Дорохинэ Лидие,** республикэм хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ **Текуев Аслъэн** сымаджэ зэушІагъэ егъэфІэкІуэныкІэ, сабийхэр спортым дегъэхьэныкІэ ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ. Дорохинэ Лидие кьытеувыІащ сабийхэр кьэуат щІэлъу гъэшхэным пыщІа гугъуехьэхэм. Иджыпсту щыІэ игъащхэ 1 - 4-нэ классхэм щеджэ щІыкІуэмрэ 5 - 8-нэ классхэм щІэс, унагъуэ зэумыщІакъэм кьыщыхьэу сабийхэмрэ. Абы и лъэныкъуэкІэ зы сабийм хуэзэу хухах ахъшэ зэрыхъур сомы 8-рэ кІэпІейкІэ 80-рэщ. Сабийхэм я узынщагъэр хъума хъуп гъащІэ, пщІэншэу псори яГъашхэу кьэублэн хуейуэ, ерыскьыкІэ зэрытми хэгъэхъуапхэу кьиІыпытащ Дорохинэм.

- Узынщагъэр хъумэным гулытэ зэриГъэтыр ІуэхугъуэфІщ икІи сфым ухуэзыгъапльэщ, - жиІащ Узыфэхэр кьыщІахутэ, чэнджэщ кьущат медицинэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Бер Маринэ.**

Ар тепсэльыхьащ я центрым кьыщызэІуаха узынщагъэм и школым и лжьыгъэм, Узынщагъэмрэ гъащІэ кІыхьымкІэ жылагъуэ академием щрагъэкІуэкІ лекцэхэм, Бизнесымкіэ институтым узынщагъэмкІэ кафедрэ кьыщыІэзэрызэІуахам. Абы кьищынэмыщІауэ, КъБКъУ-м и факультет псоми узынщагъэр хъумэным теухуауэ іапхэм, щІэблэщэну жиІащ. Апхуэдэу Узыфэхэр кьыщахутэ, чэнджэщ кьущат медицинэ центрыр жьдэгъу ядолажьэ Налшык кьалэ и курыт школхэу №№1, 2, 3 ,9-м.

Зэ1ущ1м и кІэухым Бицу Вадим кьыхифІэщащ пэжьыгъэ гугъу икІи гъащІэгъэ кьаІэрэпэщыкІыныр, ар тэмэму зэфІэха хьуным творческэ бгъэдыхьэкІэ кьыхуэгъуэтын зэрыхуейр.

ХУЖЬ Наталье.

● ДАХ

Хьэфlыцlэ Мухьэмэд: Адыгэм ифl къызэрыкlынрэ и lуэху дэзыгъэкlынрэщ ди мурадхэр зыхуэгъэпсар

Иджыблагъэ Истамбыл (Тырку Республикэ) щекlуэкlащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщlакlуэ комитетыщlэм хэтхэм я япэ зэlущlэ. Мы гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ щызэхэта ДАХ-м и VIII конгрессым щыхаха а гупыр тепсэлъыхьащ зэфlэхыну игъуэ хъуа лъэпкъ lуэхухэм, абы хуэгъэпса къалэнхэри яубзыхуащ. Истамбыл щылэжьа нэужь, ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ комитетым хэтхэр ирагъэблэгъащ «КАФФЕД» зэгухьэныгъэм (Тырку Республикэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм) Анкара щригъэкlуэкlа и IV конгрессым.

Лъэпкъ зэхуэсышхуэхэм я утыкухэм къыщаlэта lуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ абыхэм къыщащта унафэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм я япэ вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфlыцlэ Мухьэмэд.

- Япэрауэ, ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ комитетыщlэм и зэхуэсыр адыгэм угъурлы тхуэхъуну сынывохъуэхъу, Мухьэмэд. Истамбыл щевгъэкlуэкlа зэlущlэмкlэ ди псалъэмакъыр къыщlэддзэнщи, сыт хуэдэ лъэпкъ lуэхухэм фыщытепсэлъыхьа абы? Сытхэр япэ ивгъэща?

- Ди лъэпкъ мащlэм ифl къызэрыкlынрэ и lуэху дэзыгъэкlынрэщ ди мурадхэр зыхуэгъэпсари, Тхьэм къыдигъэхъулlэ. Адыгэ lуэхухэрщ зытещlыхьауэ щытари дыгъэгъазэм и 4-м Истамбыл щекlуэкlа зэхуэсри. ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым хэт цlыху 22-м ящыщу абы кърихьэлlащ 17-р. Зэlущlэм шэщlауэ дыщытепсэлъыхьащ илъэсищ къэкlуэнум къриубыдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэр зэлэжьынухэм. Абы теухуа доклад къызэхуэсахэм я пащхьэ щищlащ ДАХ-м и тхьэмадэ, «Бум-Банк»-м и унафэщl, ЩlДАА-м и академик Ажахъуэ Къанщобий. Абы зэрыжиlамкlэ, ипэкlэ лэжьа Гъэзэщlакlуэ гупыр зи яужь итахэм адэкlи пытщэнущ, ахэр зыхунэмыса lуэхугъуэщlэ зыбжанэми делlэлlэнущ. Апхуэдэщ, псалъэм папщlэ, ДАХ-м и тхьэмадэм и деж щыlэ Чэнджэщэгъу совет щхьэхуэ къызэгъэпэщыныр. Ар адэжь хэкумрэ нэгъуэщl къэралхэмрэ щыпсэу адыгэхэм къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр къэзыпщытэ икlи абыхэм ящыщу зыхуэфащэ lуэхухэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэм и пащхьэ изылъхьэ гупщ. Абы езым и арэзыныгъэкlэ ДАХ-м щыщ дэтхэнэ зыри хыхьэ хъунущ, гупым унафэщlи иlэнущ. Советым хэт дэтхэнэ зыми тхьэмадэм и чэнджэщэгъум и къалэнхэр егъэзащlэ, апхуэдэ хуитыныгъэхэм щыхьэт техъуэ тхылъи иlыгъщ. Чэнджэщэгъу советыр зэлэжьыну lуэхугъуэхэр ДАХ-м и Хасащхьэм къыщащтэнущ. Абы хэтхэр, хуей щыхъум деж, щызэхуэсынущ ДАХ-м и Хасащхьэм и хэщlапlэу Налшык къалэм дэтым.

КъыжыІапхъэщ Хасащхьэр щылажьэ пэшри Дунейпсо Адыгэ Хасэм езым и унейм хэщlапlэ ищlыну зэригугъэри. Мы зэманым ар бэджэнду тlыгъыу арaщи, фэтэрыпщlэуи, псы, уэздыгъэ, хуабэ, нэгъуэщl lуэхутхьэбзэхэм я уасэуи куэд тоткlуадэ. Истамбыл унафэ къыщытщтащ Налшык къалэ Щоджэнцlыкlум и цlэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №6-нэм хиубыдэ пэшхэр ДАХ-м и уней мылъку щlыным теухуауэ. Мы lуэхум ехьэлlауэ Ажахъуэ Къанщобий зыхуигъэзэнущ республикэмрэ абы и къалащхьэмрэ я унафэщlхэм. Зэпсэлъэныгъэм кърикlуахэм, lуэхум иlэнкlэ хъуну хэкlыпlэхэм Гъэзэщlакlуэ комитетым и зи чэзу зэlущlэм дыщыхэплъэнущ.

Ажахъуэм жиlар зэпкърытхыжа нэужь, Гъэзэщlакlуэ гупым хэтхэм унафэ къащтащ. Абы ипкъ иткlэ, ДАХ-м хэт дэтхэнэ щlыналъэ Адыгэ Хасэми 2010 гъэм щlышылэм и 15 пщlондэ Налшык кърагъэхьын хуейщ къэкlуэну илъэсищым я зэгухьэныгъэхэр зэлэжьыну lуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ я мурадхэмрэ зэрыт тхылъхэр. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуахэм набдзэгубдзаплъэу дыхэплъэнущ, итlанэ щlышылэм и 20-м ирихьэлlэу ахэр зи лъабжьэ план щхьэхуэ дгъэхьэзырынущ. Гъэзэщlакlуэ гупым абы зэхъуэкlыныгъэ хилъхьэнурэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Советым ар къищтэнущ.

- Уэ узитхьэмадэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм фиlэ зи гугъу пщlа планым хуэдэ? Сыт хуэдэ унэтlыныгъэхэм гулъытэ хэха щигъуэтрэ абы?

- Апхуэдэ тхылъыр сlыгъыу сыкlуащ Итамбыл щекlуэкlа зэlущlэм, ар щхьэкlэ адрей щlыналъэ хасэхэр зэлэжьыну я гугъэхэр иджыри яубзыхуатэкъыми, нэхъыбэу зытепсэлъыхьар КъАХ-м ди планращ. Абы хэдгъэхьахэм ящыщ куэд, жыпlэнурамэ, 2009 - 2012 гъэхэм къриубыдэу ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупыр зэлэжьынухэм хэхуэну дыщогугъ.

Псом япэрауэ, илъэси 10 лъандэрэ ди республикэм щедгъэкlуэкl «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр. Иужьрей зэманым ар щокlуэкl Къэрэшей-Шэрджэсым, 2010 гъэм Адыгэ Республикэри абы къыхыхьэн хуейщ.

Лъэпкъпсо мыхьэнэ яlэщ мыпхуэдэ lуэхушхуэхэм: адыгэхэм ди гъащlэр къэгъэлъэгъуэным хуэгъэпса «Шэрджэс вагъуэ» цlэр зезыхьэ спутник бжыгъэ телевиденэ, мультипликацэ киностудие къызэгъэпэщын, ар анэдэлъхубзэр хъумэным, бзэр щlэблэм яlурылъу къэгъэтэджыным хуэгъэлэжьэн; Интернетым «Шэрджэс дунейр» блог щхьэхуэ къыщызэlухын, абы урысыбзэкlэ, инджылызыбзэкlэ, адыгэбзэкlэ тхауэ лъэпкъым и тхыдэм, этнографием, щэнхабзэм, гъуазджэм, спортым, цlыху цlэрыlуэхэм, бизнесым, политикэм, литературэм, бзэм теухуа хъыбархэр щызэхуэхьэсын. Гулъытэ хэха хуэщlыпхъэщ мыпхуэдэ lуэхушхуэми: хэкужьым къэзыгъэзэжхэр пlалъэкlэ къыщыувыlэн, щlыпlэ гъащlэм есэхункlэ, анэдэлъхубзэр зэрагъэщlэжыхункlэ, лэжьыгъэ lэнатlэрэ уней псэуалъэрэ къызэрагъэпэщыхункlэ, щыпсэун унэ щхуэхуэ яхуэухуэным. Апхуэдэ lэмал щыlэмэ, къызэрысщыхъумкlэ, адэжь хэкум къэкlуэжыну щlэхъуэпсхэр нэхъри я мурадым тегушхуэнущ. Апхуэдэу адыгэхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмкlэ библиотекэрэ дэфтэр хъумапlэри диlапхъэщ.

А lуэхухэм ящыщ дэтхэнэми зэмани мылъкуи, псом ящхьэращи, ахэр пщэрылъ зыхуэзыщlыжу къызэзыгъэпэщыфын хэкупси хуейщ. А lэмалхэр зэзыгъэуlуфын, хэкlыпlэхэр къэзыгъуэтыфын зэгухьэныгъэ лъэщщ ДАХ-р. Абы и иджырей унафэщlхэм я гупсысэхэр зыхуэунэтlари арaщ.

- Адыгэу дунейм тетым и зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэр къызэрызэрагъэпэщрэ 2011 гъэм илъэс 20 ирикъунущ. Абы хуэфащэу lущlэн, lэтауэ гъэлъэпlэн и лъэныкъуэкlэ сыт хуэдэ lуэхухэр къыхэфлъхьэрэ ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым?

- 2011 гъэм накъыгъэм и 19-м Налшык щызэхэтынущ гуфlэгъуэ пшыхь. Махуэшхуэм ирихьэлlэу дгъэхьэзырыну ди мурадщ «Дунейпсо Адыгэ Хасэр илъэс 20 ирокъу» фильмыр. Абы къыщыдгъэлъэгъуэнущ а зэманым къриубыдэу ди зэгухьэныгъэм зэрызиужьар, иlэ пыщlэныгъэхэр, лъэпкъым хуэлажьэ хэкупсэхэр, зэфlиха lуэхугъуэхэр, адэкlэ иlэ мурадхэмрэ хъуэпсапlэхэмрэ, н.къ. ДАХ-м и махуэшхуэр гъэлъэпlэным хуэгъэпсауэ Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгухьэныгъэу Нью-Йорк дэтым къыщызэдгъэпэщыну ди гугъэщ Адыгэ щэнхабзэм и махуэ. Абы и пэ къиихуэу, 2010 гъэм апхуэдэ зэхыхьэ инхэр щедгъэкlуэкlынущ ди къэралым и къалэшхуэхэу Москварэ Санкт-Петербургрэ. Нэхъ иужьыlуэкlэ, 2012 гъэм, Лъэпкъхэм я Лигэу Женевэ щыlэми къыщызэдгъэпэщыну ди мурадщ адыгэ лъэпкъым и блэкlам, и нобэм, и къэкlуэнум щэнхабзэм щиубыд увыпlэмрэ абы игъуэта зыужьыныгъэмрэ щыгъуазэ ухуэзыщl махуэшхуэ.

Абы хуэгъэпсауэ къызэдгъэпэщыну лъэпкъпсо lуэхухэм ящыщу иджыри къэгъэлъэгъуапхъэщ «Адыгэ усыгъэм и махуэ» литературэ зэхыхьэу Мейкъуапэ щекlуэкlынур, «Дэ игъащlэми шэрджэскlэ къыдоджэ» жыхуиlэ, сэ илъэс куэдкlэ зэхуэсхьэсауэ сиlэ уней щэнхабзэ фондым щыщ экспонатхэр Мейкъуапэ, Краснодар, Сыхъум къалэхэм зэрыщызгъэлъэгъуэнур.

Мыхьэнэшхуэ иlэщ «Нартхэм я лъахэ» цlэр зиlэ дунейпсо сурэт (фото) гъэлъэгъуэныгъэ Истамбыл, Амман (2010 гъэм), Дамаск, Кфар-Камэ, Нью-Джерси (2011 гъэм), Кёльн (2012 гъэм) къыщызэдгъэпэщынуми. Абы и утыку кърaлъхьэнущ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Тенджыз Фlыцlэм lус шапсыгъхэм, мэздэгу адыгэхэм, Краснодар крайм хыхьэ Успен куейм щыпсэу беслъэнейхэм, абазэхэхэм, бжьэдыгъухэм, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ящыщ сурэттеххэм трахауэ иджырей адыгэм и псэукlэр, гупсысэхэр, зыlэригъэхьа ехъулlэныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэр.

- Ахэр сыту мурад дахэ! Дэтхэнэ лъэпкъми и псэукlэр, гупсысэр, хабзэр къозыгъащlэ lэмалыфlхэм ящыщщ зи гугъу пщlа псори. Планым и проектым иджыри сыт хуэдэ lуэхугъуэхэр хэхуа ДАХ-м зэфlих щэнхабзэ, гъуазджэ унэтlыныгъэхэр зыгъэбелджылыуэ?

- Ахэр куэд мэхъу. Нэхъыбэр къыхэзылъхьари Къэбэрдей Адыгэ Хасэрщ.

2010 гъэм и мэлыжьыхьым къыщыщlэдзауэ адыгэхэр щыпсэу щlыналъэ зыбжанэм щекlуэкlынущ лъэпкъым и сурэтыщl цlэрыlуэхэм я lэдакъэщlэкlхэм я дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ. Япэ щlыкlэ Истамбыл щагъэлъэгъуэнущ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Тенджыз Фlыцlэм lус шапсыгъхэм щыпсэу художникхэм ятха сурэт нэхъыфlхэр. Итlанэ а илъэс дыдэм хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я lэдакъэщlэкlхэр къашэнущ Налшык (фоклlадэм), Черкесск (жэпуэгъуэм), Мейкъуапэ (щэкlуэгъуэм), Лазаревскэм (дыгъэгъазэм). Мыбы кърихьэлlэнущ лъэпкъ щэнхабзэм и lэщlагъэлl цlэрыlуэ куэд, адыгэ сурэт гъуазджэм и лъагапlэхэм щыгъуазэ защlыфынущ цlыху минхэм. Апхуэдэ зэхуэзэхэм лъэпкъым щыщу щlыпlэ зырызхэм щыпсэухэм яку зэпыщlэныгъэщlэхэр къыдилъхьэнущ, зэрихьэлlэ сурэтыщlхэри я lуэху еплъыкlэкlэ, дуней лъагъукlэкlэ зэдэгуэшэнущ.

Къищынэмыщlауэ, илъэс къэкlуэнум и гъатхэм Налшык, иужькlэ, 2012 гъэм, Амман щедгъэкlуэкlыну ди гугъэщ иордан пшынауэ lэзэу щыта адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэ Умар lэбыдэ и цlэр зезыхьэну фэеплъ зэпеуэ. Абы къедгъэблэгъэнущ ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкlуэ а макъамэ lэмэпсымэм хуэшэрыуэ адыгэ пшынауэхэр. Къимыдэкlэ, 2010 гъэм и шыщхьэlум Налшык къыщызэlутхынущ Адыгэ-абхъаз щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я III дунейпсо фестиваль. Зи бзэкlи хабзэхэмкlи зы гупым хыхьэ лъэпкъитlыр нэхъ зэпэгъунэгъу дыхъужынымкlэ, дяку дэлъ зэпыщlэныгъэхэр гъэбыдэнымкlэ, щlэхэр къызэгъэпэщынымкlэ а lуэхугъуэр lэмал гъуэзэджэщ.

Кlэщlу абы иужь иту, фокlадэ мазэм, Налшык и Театр Щхъуантlэм щызэхэтшэну ди мурадщ Адыгэ уэрэдым и дунейпсо фестивалышхуэ. Дауи, ари хъунущ адыгэ лъэпкъым щэнхабзэ и лъэныкъуэкlэ игъуэта зыужьыныгъэр нэрылъагъу зыщl зэхыхьэ ин.

Адыгэ кино, театр гъуазджэм адэкlи зегъэужьын и лъэныкъуэкlи лэжьыгъэ щхьэпэхэр екlуэкlынущ. Апхуэдэу Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэув хъунущ дунейпсо литературэм и классик Сейфеддин Умар (Хьэткъуэ) и новеллэхэм къытращlыкlа «Гъуабжэгъуэщхэр щыпсэу унэ» спектаклыр. Адыгейм и къэрал драмэ театрым щелэжьынущ Мысырым щыщ адыгэ тхакlуэ Юсеф ас-Сибаи и «Фитlнэ лъахэ» романыр зи лъабжьэ пьесэм.

- Сызэрыщыгъуазэмкlэ, ДАХ-м и унафэм щlэту япэм къыдэкlыу щыташ «Шэрджэсхэм я дуней» журнал хьэлэмэтымрэ «Нарт» газет купщlафlэмрэ. Абыхэм къыдэгъэкlын щlэвдзэжыну?

- А lуэхухэми гулъытэ хэха щигъуэташ Истамбыл щекlуэкlа зэхуэсым. Пэжу, ди газетымрэ журналымрэ илъэс зыбжанэ лъандэрэ къыдэкlыжыркъым. «Шэрджэсхэм я дунейм» («Черкесский мир») и номер зыхыбл 2000 гъэм и пэкlэ Черкесск къыщыдэкlащ. Абы щыгъуэ ДАХ-м и тхьэмадэр Акъбащ Бориститі, абы хузэфlэкlауэ щыташ журналым текlуэдэну мылъкур къызэригъэпэщын. Иджы, илъэси 9 мэхъури, ар къытхудэгъэкlыркъым. Газетым и гугъу пщlымэ, 2000 - 2006 гъэхэм къриубыдэу абы и номер 49-рэ сэ къыдэзгъэкlащ. «Нартыр» къыдэгъэкlыным текlуадэ мылъкур зыгуэрурэ зэ дгъэуlуурэ екlуэкlащ, ауэ иужькlэ апхуэдэ lэмали дгъуэтыжакъым. 2006 - 2009 гъэхэм ДАХ-м и унафэщlу щытахэми «Шэрджэсхэм я дуней» журналри «Нарт» газетри къахудэгъэкlакъым.

Иджы а lуэхухэр Истамбыл щекlуэкlа Гъэзэщlакlуэ комитетым и зэlущlэм къыщытlэтати, Тхьэм игъэпсэу, ДАХ-м и тхьэмадэ Ажахъуэ Къанщобий дыкъигъэгугъащ журналми газетми текlуэну мылъкур къигъуэтыну. Абы къыщащта унафэмкlэ, lуэхур си пщэм къыдалъхьащ. А къыдэкlыгъуэхэм текlуэдэну мылъкур къэбжауэ лэжьыгъэм яужь ихьэн хуейщ. Сэ си мурадщ «Нарт» газетым и зи чэзу къыдэкlыгъуэр ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупыр щызэхуэсыну дубзыхуа 2010 гъэм мазаем и 20-м ирихьэлlэу къыдэзгъэкlыну.

Адыгэ журналымрэ газетымрэ нэмыщl, илъэс къэкlуэнухэм дунейм къытедгъэхьэну ди гугъэщ адыгэхэм ди хабзэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, тхыдэм, литературэм щыгъуазэ ухуэзыщl тхылъ купщlафlэхэр, щlэныгъэ къэхутэныгъэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщlэ, «Хамэщl щыпсэу адыгэхэм я lуэрыlуатэ» тхылъ гъэщlэгъуэныр. Ар зэхалъхьащ щlэныгъэлlхэу, тхакlуэхэу Унэрокъуэ Раисэ, Тlымыжь Хьэмыщэ, Шащlэ Казбек, Гъут lэдэм, Табыщ Мурат, Къэрмокъуэ Хьэмид, Хьэфlыцlэ Мухьэмэд сымэ. Хуабжьу хьэлэмэт хъунущ «Зыхуэбгъадэ хъун щымыlэ», «Хэт хъуну ахэр», «Адыгэ хабзэ», «Шагъдий» цlэхэр зиlэ, сурэтхэмкlэ гъэщlэрэщlа, тхыгъэ купщlафlэхэри зэрыт къыдэкlыгъуэхэр. Абыхэм яхэтщ альбоми, щlэнгъуази, нэгъуэщlхэри. Дунейм къытедгъэхьэну ди гугъэхэм ящыщщ лъэпкъ усыгъэм, прозэм, lуэрыlуатэм щыгъуазэ ухуэзыщl «Хуитыныгъэм и жэщ», «Бзэр тlэщlэкlмэ, дылъэпкъкъым», «Нартхэр» тхылъхэр, нэгъуэщlхэри. «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ» тхылъыр зэрыхъуну ди гугъэ томи 7-м щыщу 3-р хьэзырщи, 2010 - 2012 гъэхэм ахэр дунейм къытехьэн хуейщ.

- Мухьэмэд, икъукlэ къалэн инхэр зыхуэвгъэувыжащи, Тхьэм къывигъэхъулlэ. Ахэр зэфlэхыным дауэ фызэрелэжьынур? Унэ тlыныгъэхэм гуп щхьэхуэхэр хухэфха?

- Лэжьыгъэхэр псори я купщlэрэ мурадрэ елъытауэ гуп-гупурэ дгуэшащ. Абы ипкъ иткlэ дэ къызэдгъэпэщащ ахэр зи пщэрылъ комитетхэр. Ахэр 9 мэхъу, зи къалэнхэмкlэ зэбгъэдэкlи зэхыхьи яхэту. Апхуэдэхэщ:

1. ДАХ-м и lуэхухэр УФ-м и къэрал lуэхущlапlэхэмрэ адыгэхэр щыпсэу хамэ щlыпlэхэм я къэрал lэнатlэхэмрэ щызегъэкlуэнымкlэ къудамэр;

2. ДАХ-м и къудамэу щlыпlэ щхьэхуэхэм щыlэхэм я лэжьыгъэр унэтlынымрэ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэлэжьэнымкlэ къудамэр;

3. Хъыбарегъащlэ lэмалхэр зэкъуэгъэувэнымрэ тхыгъэхэр къыдэгъэкlынымкlэ къудамэр;

4. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр адэжь щlыналъэм къэгъэlэпхъуэжыным пыщlа lуэхухэмкlэ къудамэр;

5. Анэдэлъхубзэр егъэджынымрэ адыгэ псоми ди зэхуэдэу къэдгъэсэбэпыфын алыфбей зэхэлъхьэнымрэ япыщlа lуэхухэмкlэ къудамэр;

6. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр зэхуэхьэсыжынымкlэ къудамэр;

7. Лъэпкъ щэнхабзэмкlэ, щlалэгъуалэ lуэхумкlэ, спортымрэ туризмэмкlэ къудамэр;

8. Экономикэмрэ хьэрычэт лэжьыгъэмкlэ къудамэр;

9. Узыншагъэр хъумэнымкlэ, щlэблэр гъэбэгъуэнымкlэ, сабий куэд зэрыс адыгэ унагъуэхэм ядэlэпыкъунымкlэ къудамэр.

А комитетхэм я унафэщlхэр ДАХ-м и хасащхьэм хэтхэм ящыщщ, ауэ, абыхэм къищынэмыщlа, къудамэхэм хэдгъэхьащ унэтlыныгъэм хэзыщlыкlыу, абы къыщыгъэлъэгъуа lуэхугъуэхэр гъащlэм хэпщэнымкlэ куэд зылэжьу, абыхэм хуэlэижьу къэтлъытэ нэгъуэщl цlыхухэри. Абыхэм хэтщ жылагъуэ лэжьакlуэхэр, хьэрычэтыщlэхэр, щlэныгъэлlхэр, lэщlагъэлl зэхуэмыдэхэр, спортсмен цlэрыlуэхэр, нэгъуэщlхэри. Зи гугъу сщlа къудамэхэр хъун хуейщ адыгэ псоми и лlыкlуэ зэхуэмыдэхэр къызэщlэзыубыдэ икlи пщlэ зиlэ гупышхуэ. Кlэщlу жыпlэмэ, лъэпкъпсо мыхьэнэ зиlэ lуэхум зэрылъэпкъыу ухузэкъуэувэн хуейщ. Арaщ «Зылl и быну» щыжаlэри.

- Лъэпкъыр апхуэдэу зэрызэкъуэтыр наlуэ щыхъуауэ си гугъэщ, ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупыр Истамбыл икlыу «КАФФЕД» зэгухьэныгъэм Анкара щригъэкlуэкlа и IV конгрессым зэрыкlуам тепщlыхьмэ. Абы щызэхэфхамрэ фызэрыхэтамрэ теухуауэ сыт къыджепlэн?

- Анкара дыгъэгъазэм и 6-м щекlуэкlа конгрессым сытепсэлъыхьыныр къыщlэздзэнт а зэхуэсышхуэм къыхуеджэныгъэу иlамкlэ: «Мы щlыналъэм псэ щыщlэттым щыгъуэ дэ тыркубзэ тщlэххэртэкъым, иджы ди анэдэлъхубзэр тщlэжыркъым». Конгрессым зэрыщыжаlауэ, Тыркум щыпсэу адыгэхэм я lуэху зыlутыр ищхьэкlэ къэтхьа псалъэухам нэхърэ нэхъ lупщlу икlи шэрыуэу зыми къигъэлъэгъуэфынукъым. Мы псалъэхэм апхуэдизу мыхьэнэшхуэ ящlэлъщи, абы ущегупсыскlэ, гур ехуз, псэр мэхыщlэ...

Зэрыгурыlуэгъуэщи, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу мелуани 7-м ящыщу адыгэбзэ зыщlэжыр мащlэщ. Абы и щыхьэт наlуэщ а щlыналъэм щыlэ Адыгэ Хасэхэм я зэхуэсышхуэр тыркубзэкlэ зэрекlуэкlар. Анэдэлъхубзэ абы щызыгъэlуар ДАХ-м и тхьэмадэ Ажахъуэ Къанщобийрэ КъБР-м и профсоюзхэм я федерацэм и унафэщl Тау Пщыкъанрэщ. Ахэр екlуу, шэрыуэу, купщlафlэу къыщыпсэлъащ конгрессым. Ди лъэпкъым и lуэху зыlутыр, Урысей Федерацэм абы щигъуэт увыпlэр, зыужьыныгъэр, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм яlэ гулъытэмрэ lэмалхэмрэ, ди щlэблэм анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ яхъумэн папщlэ къытпэщылъ къалэнхэр - куэд къызэщlрагъэубыдащ Таумрэ Ажахъуэмрэ я къэпсэлъэныгъэхэм. Конгрессым щlэсхэр апхуэдэу щыгъуазэ ящlащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщlакlуэ гупым Истамбыл щригъэкlуэкlа зэlущlэм къыщаlэта lуэхугъуэхэмрэ къыщащта унафэхэмрэ.

- ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ комитетым и къыкlэлъыкlуэ зэlущlэр сыт хуэдэ lуэхухэм тевухуэну фи мурадми кlэщlу щыгъуазэ дыхуэпщlамэ, ди гуапэт.

- Зэрыжысlащи, ар едгъэкlуэкlыну ди гугъэщ къэкlуэну илъэсым и мазае мазэм. Истамбыл къыщытщта унафэхэм япкъ иткlэ, къэбгъэлъагъуэ хъунущ ди зэхуэсым и утыку къитлъхьэну lуэхугъуэхэри. Апхуэдэхэщ ДАХ-м 2010 - 2012 гъэхэм и бюджетыр къэщтэныр, ар зэрылэжьэну Программэр нэхъ lупщlу убзыхуныр, унафэхэр гъэзэщlа зэрыхъур къэпщытэныр. Мыхьэнэшхуэ иlэщ «Хамэщl щыпсэу адыгэхэр» музей Налшык къыщызэгъэпэщыныр. Ар зэхуэсым и утыку къислъхьэну си мурадщ. Апхуэдэу зэlущlэм кърихьэлlэхэр щыгъуазэ ящlынущ дыгъэгъазэм и пэщlэдзэм Москварэ Къэзанрэ щекlуэкlа Хамэщl щыпсэу зэлъахэгъухэм я дунейпсо конгрессым щыжаlахэм, къыщащта унафэхэм.

Кlэщlу жыпlэмэ, ДАХ-м зэлэжьын lуэхугъуи мурадыщlэхэри и куэдщ. А псори зыхуэгъэпсар адыгэ лъэпкъыр - зи lуэхущlафэкlэ, лlыгъэкlэ, пэжагъэкlэ цlэрыlуэу къэгъуэгурыкlуар - адэкlи зиузэщlу, ехъулlэныгъэщlэхэр зыlэригъэхьэу, пщlэ иlэу дунейпсо цивилизацэм хэтынырщ.

- Упсэу, Мухьэмэд. Лъэпкъым фlыгъуэ къеуэлlэным хуэунэтlа фи мурад псори Тхьэм къывигъэхъулlэ!

Епсэлъар **КЪАРДЭН Маритэщ.**

Истамбыл. Босфор псы дэжыпlэм деж.

● Абы дегъэпlейтей

КъБР-м и спорт жылагъуэм и Псалъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цlыхухэу пщlэ зыхуэтщlхэ!

Мы тхыгъэмкlэ дэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэм зыхуэдгъэзэн хуей хъуащ республикэм лъэпкъ зэщlэгъэст гупхэм я щхьэр къызэрыщаlэтам, абыхэм ди гъащlэр зэlащlэну яужь зэритым къыхэкlыу.

Дэ, спортсменхэм, ди дежкlэ интернационализмэр хэт и дежкlи нэхърэ нэхъ гъунэгъуу къыщlэкlынущ, дызыщыщхэм емылъытауэ, лъэпкъ куэд щыпсэу республикэмрэ лъэпкъ куэд щыпсэу ди хэку Урысей Федерацэмрэ я щlыхьыр зэхьэзэхуэ зэмылlэужьыгъуэ дыдэхэм зэрыщытхъумэм тепщlыхьмэ.

Иужь зэманым къыкъуэкlа лъэпкъ зэхэгъэжым спортсмен ныбжьыщlэхэр, щlалэгъуалэ зэщlэхъееныгъэхэм ящыщхэр поджэж патриотизм гурыщlэхэмкlэ. Ар гъащlэм къыщыхъу lуэхухэм жыджэру хэт дэтхэнэ цlыхуми и дежкlэ гурыlуэгъуэщ.

Мы зэманым заущэхуащ республикэр зэхэзытхъуэну хущlэкъуахэм икlи щэхуу бэнэныгъэ ирагъэкlуэкl, хъыбар зэрырагъащlэ lэмалхэр, псом япэу Интернетыр, къагъэсэбэпурэ. Унэцlэ нэпцlхэр щlадзурэ хъыбарыпцlхэр зэрызэбграгъэхын, республикэм и унафэщlхэмрэ жылагъуэм и къару узыншэхэмрэ зэрагъэулъиин, лъэпкъхэр зэрызыщагъэlеин фlэкlа нэгъуэщl лlыгъэ яхэлъкъым а цlыхухэм. Дэ, спортсменхэр, абыхэм десакъым, нахуэу къэтхь текlуэныгъэщ къыддалъагъур.

Къэбэрдей-Балъкъэрри хэту, Кавказ Ищхъэрэм щыlэ щытыкlэр тыншкъым. Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я шынагъуэр иджыри кlуэдакъым. Абы къыхэкlыу дэ ди къару псори зэкъуэдгъэувэу мурад бзаджэ зиlэ гупхэм дапэщlэтын икlи псоми ди зэхуэдэ унэм мамырыгъэмрэ зэгу-рыlуэмрэ щытхъумэн хуейщ.

Дэ республикэм и жылагъуэр къыхудоджэ зы лъэпкъыр дакъузэу, зыми хуимыту зэрагъэlум щlэмыдэlуну, республикэм и лъэпкъхэр зэпэщlэзыгъэувэну хэтхэм зыщадзеину.

КъБР-м и спорт жылагъуэм балигъхэм, ныбжьыщlэхэм я зэгухьэныгъэ псори къыхуреджэ щlыналъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ шынагъуэншэ хъужыхукlэ пэкlухэр, цlыху куэд зыхэт нэгъуэщl lуэхухэр ирамыгъэкlуэкlыну. Дэ къыхыдолъхьэ щlызэдауэ lуэхухэр, уэрамхэм къамыхьу, зы стlолым бгъэдэсу зэпсалъэурэ зы унафэм хуагъэкlуэну.

Спортымрэ мамырыгъэмрэ зэгуэхыпlэ зимыlэхэщ. Абы къыхэкlыу дэ, республикэм и спортсменхэр, дрителъхьэщ мамырыгъэм, зэгурыlуэныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэкъуэтыным!

Афlэунэ Аслъэн - *КъБР-м спортымрэ туризмэмкlэ и министр;*

Шыхъуэ Борис - *Олимп чемпион;*

Жаным Аслъэн - *Европэм и чемпион, Дунейм и кубокыр къэзыхьа;*

Къардэн Мурат - *Олимп чемпион;*

Хъущт Аслъэнбэч - *Олимп чемпион;*

Аккаев Хьэжмурат - *Олимп джэгухэм 2-нэ, 3-нэ увыпlэхэр щызыубыда;*

Тау Хьэсэнбий - *Олимп джэгухэм 3-нэ увыпlэр щызыубыда;*

Джэданэ Алим - *Европэм и чемпион;*

Созаев Мухьэмэд - *дунейпсо чемпионатым 3-нэ увыпlэр къыщызыхьа;*

Половников Василий - *Урысей Федерацэм и чемпион;*

Маккаев Махъти - *УФ-м щlыхь зиlэ и тренер;*

Шэкэм Михаил - *УФ-м щlыхь зиlэ и тренер;*

Емкъуж Мухьэмэд - *УФ-м щlыхь зиlэ и тренер;*

Махуэ Билал - *Дунейм и чемпион;*

Урыш Анзор - *Дунейм и Кубокым щытекlуа;*

Шыхъуэбахъуэ Анзор - *Дунейм и чемпион;*

Жаппуев Магомед - *УФ-м щlыхь зиlэ и тренер;*

Багъэтыр Леонид - *УФ-м щlыхь зиlэ и тренер;*

Къардэн Анзор - *УФ-м щlыхь зиlэ и тренер;*

Тембот Анзор - *УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь;*

Щомахуэ Къэралбий - *УФ-м щlыхь зиlэ и тренер;*

Тобыл Шыхьбан - *УФ-м физическэ щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ;*

Къарэнашэ Валерэ - *КъБР-м теннисымкlэ и федерацэм и президент;*

Ибрэхьим Борис - *Олимп джэгухэм щlэблэ хуэгъэхьэзырынымкlэ центрым и унафэщl;*

Бозиев Исхьэкъ - *бэнэкlэ хуитымкlэ спортым и дунейпсо классым и мастер.*

Балъкъэр щlалэгъуалэм я щlыналъэ зэгухьэныгъэм дыгъэгъазэм и 22-м Налшык щекlуэкlа щlалэгъуалэ зэхуэсым хэтахэм Зэрызахуигъазэр

Пщlэ зыхуэтщl ныбжьэгъухэ!

Москва щыпсэу балъкъэр щlалэгъуалэм я зэгухьэныгъэм и цlэкlэ дывохъуэхъу зэlущlэр къызэзыгъэпэща, абы хэта псоми.

Мы зэманым Москва щопсэу балъкъэр щlалэгъуалэм щыщ куэд. Махуэ къэскlэ дакlэлъоплъ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекlуэкlхэм икlи ди lыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, фэ дывигъусэу дегъэпlейтей республикэм къыщыхъухэм. Дэ ди лъахэм дыпэжыжьэ пэтми, къытфlэмыlуэхуу щыткъым ди республикэм иужь зэманым щекlуэкlхэр. Дэ долъагъу ди хэку цlыкlум мамырыгъэмрэ зэlузэпэщыгъэмрэ аргуэру къыщызэпаудыну яужь зэрихьар. Зым и дежкlи щэхукъым, езыхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкlын мурадкlэ, лъэпкъхэм я зэхущытыкlэхэр зэщlагъэплъэным хуэгъэза лэжьыгъэ езыгъэкlуэкl къарухэр мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыlэр. Жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылlэужьыгъуэхэм зыхагъэпшахъуэурэ икlи цlыхубэм я цlэкlэ къэув хуэдэурэ, абыхэм нахуэу лъэпкъхэр зэщагъэlей.

Балъкъэрхэмрэ адыгэхэмрэ лlэщlыгъуэ куэд хъуауэ зэгъусэу мэпсэу. Дяпэ итахэр сыт щыгъуи зэгъунэгъуфlу зэхущытащ икlи гуауэмрэ гуфlэгъуэмрэ зэдагуэшу къэгъуэгурыкlуащ. Ар, шэч хэмылъу, зи фlыгъэр ди нэхъыжьхэрщ. Нобэ дэ чэзур къытлъысащ мис а зэхущытыкlэм, мамырыгъэмрэ ди бынхэр щlэтпlыкlыну.

Абы къыхэкlыу дэ жыдоlэ Москва дэс балъкъэр щlалэгъуалэм я зэгухьэныгъэр республикэр зыуэ щытыным икlи ямыгуэшыным и телъхьэу къызэрыувыр икlи абы Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэкъуэтын хуейуэ къызэрилъытэр.

Федеральнэ центрымрэ республикэ унафэщlхэмрэ зэрегугъуэм и фlыгъэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр мамырыным, экономикэм зиужьыным хуэунэтlа зэхъуэкlыныгъэфlхэр иужьрей илъэсхэм щокlуэкl. Республикэм иджыри къыхуэнащ гугъу дыдэу щыта 90 гъэхэм зэтрихьа lуэху куэд икlи ахэр тыншу пхузэфlэхынукъым. Дэ ди lуэху бгъэдыхьэкlэр КъБР-м и унафэщlхэм ейм щытемыхуэ щыlэщ, ауэ мамырыгъэмрэ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ гъэбыдэным теухуауэ ящlэр ядыдоlыгъ. Дэ дыхьэзырщ тхузэфlэкlкlэ дадэlэпыкъуну, лъэпкъхэм я зэхущытыкlэхэр тэмэм хъужыным дыхэлэжьыхьыну. Урысейм и хабзэхэм япкъ итущ мы lуэху псори зэрызэфlэхыпхъэр.

Пщlэ зыхуэтщl ныбжьэгъухэ! Дэ хуабжьу дыщогугъ зэlущlэм и лэжьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм фlы къахудэкlуэну, зыгъэпlейтей lуэхугъуэхэм унафэ тращlыхьыфыну.

Псоми насыпрэ фlыгъуэрэ яlэну ди гуапэщ.

Балъкъэр щlалэгъуалэм я щlыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщl
АЗАМАТОВ Къайсын.
Москва къалэ.



Сокъур Мусэрбий *(1929 - 1990 гъгъ.).*

Дыгъэгъазэм и 25-м илъэс 80 мэхъу адыгэ щIэныгъэлI, щэджащэ тхакIуэ цIэрыIуэ Сокъур Мусэрбий къызэралъхурэ. Къэбэрдей литературэм и тхыдэр кууэ зыджа къэхутакIуэщ Мусэрбий, абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я тхыгъэхэр щызэпкърыха лэжьыгъэ хьэлэмэт куэд.

Сокъур Мусэрбий Хьисэ и къуэр Арыкъ (Борыкъуей) къуажэм 1929 гъэм къыщалъхуащ, Налшык дэта интернат еджапIэр къиуха нэужь, Ленинград къэрал университетым, абы и аспирантурэм щеджащ, 1954 гъэм щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и егъэджакIуэу щытащ. 1990 гъэм дунейм ехыжащ.

Сокъур Мусэрбий и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдэкIащ «Лирика Алима Кешокова», «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ», «Литературэм и бэкъуэкIэ», «Къэхутэныгъэм и гугъупIэ», «Тхыгъэхэр» тхылъхэр. Мусэрбий къызэринэкIащ усэ тхылъитIи - «ЩIыщIэжь», «Нэпкъыжьэ».

ФIыщIэ жыг

Сокъур Мусэрбий зыцIыхуу, фIыуэ зылъагъуу, и ныбжьэгъуу щытахэм ноби ягу ихуркъым, лъагъуныгъэ хуаIэр нэхъ къэлъэхъшауи гу лъыптэркъым. Зэ хуэзауэ, епсэлъылIауэ, ерыскъы Iэнэм щыбгъэдэсауэ, и псалъэмакъ, и гушыIэ дахэр зэхэзыхауэ ар зи псэ дэмыхьарэ сыт и лъэныкъуэкIи адрейхэм зэремыщхьым, зэрефIэкIым гу лъызымытарэ къэгъуэтыгъ уейщ. Сыт и лъэныкъуэкIи Тхьэр бащэу зыхуэупса цIыху телъыджэр лъэпкъым уиIэныр, апхуэдэ пхуэлэжьэныр, къыбдалъагъун къудейр куэд и у асэт.

ЩХЬЭУСЫГЪУЭ зэху эмыдэхэм къых экIыу, абы хузэфIэкIакъым лъэкIыныгъэ бгъэдэлъахэр и нэм нэсу фIыуэ илъагъу и лъэпкъым хуищIэныр, ауэ абы и акъыл нэхум къигъэщIауэ, и Iэдакъэ жумартым къыщIэкIауэ дэ къитхуигъэна тхыгъэхэм хуитыныгъэ къыдат лъэпкъым и цIыху нэхъ пэрытхэм ящыщ зыуэ ар къэтлъытэну, фIыщIэ жыг хухэтсэну, и цIэ лъапIэр ди гум щыдгъэфIэну.

Мусэрбий щIэныгъэ бгъэдэлъым и куугъыр, Iуэху еплъыкIэ тэмэм зэрытетыр, анэдэлъхубзэр IэкIуэлъакIуэу къызэригъэсэбэпыр, литературэм и жанр псоми нэсу зэрыхищIыкIыр литературэм и лэжьакIу эхэм яжриIэну, абыхэм я тхыгъэхэм я шыфэлIыфэр къызэрихутэн зэфIэкIи зэрыбгъэдэлъыр нэхъ наIуэрэ Iэзагъышхуэ хэлъу къыщигъэлъэгъуар критикэмрэ литературоведениемрэщ.

Дэтхэнэ зыри усакIуэ, композитор, музыкант зэрымыхъу м ещхьу, хэ ти егъэджакIуэ нэс къыпхухэщIыкIынукъым, абы ухуалъхуауэ, ухуэщIауэ ущытыныр Iэмал зимыIэщ. Сокъур Мусэрбий Ленинград дэт университетым къыщыщIидзэри, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутми университетми илъэс плIыщIым нэблагъэкIэ урыс литературэм и тхыдэр щригъэджащ. Урысыбзэр у эрсэру зэрищIэм, къызыдалъхуахэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ Iэзэу ар къигъэсэбэпу зэрыщытам и гугъу умыщIыххи, абы и лекцэхэм едаIуэу ар зи псэ дэмыхьарэ игъащIэ псокIэ зигу къимынарэ гъуэтыгъуейщ. Унэм щитха, щигъэхьэзыра тхылъымпIэхэм и щхьэр къимыIэту еджэхэм ар ящыщакъым. ЕджакIуэхэм я пащхьэ къиувэрэ зэ псэлъэн щIидзамэ, къедаIуэхэр абы жиIэм щIэлъ гупсысэм, къарум, макъамэм, дахагъэм занщIэ у ятхьэкъур т, сыхьэтитIыр зэрыкIуар ямыщIэу иIыгъ т. Зытепсэлъыхь тхакIуэм е усакIуэм и тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэм абы хужаIахэр сытым щыгъуи зэрыщыту гукIэ абыхэм къаху еджэрт.

Мусэрбий иIащ зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ илъагъу усакIуэ куэд, абыхэм языхэзми и усэ Iэ джэ абы гукIэ ищIэрт, Iэзэ у къеджэрт, зэ щIидзамэ, тыншу къыпхуэгъэувыIэжыртэкъым.

Ди щIалагъэм, зэхэщIыкIыншагъэм и зэранкIэ я мыхьэнэр, я пщIэр къыдгурымыIуэу дэ фIыгъуэ куэд тфIэкIуэдащ. ДыIэбэми дылъэмыIэсыж у, ди емыгъуэ унигъэкIэ тIэщIэкIахэм ящыщщ Сокъур Мусэрбий и лекцэ къеджэкIэм дызэрыкIэлъымыплъар, абы и щэхухэр зэрызэхэдмыгъэкIар, къызэрызэт едмыгъэнар. ГукъэкI тщIыуэ и зэманым абы и лекцэм щыщ Iыхьэхэр, гъунэжу къызэджа усэхэр пленкэм иттхатэмэ, нобэрей егъэджакIуэхэм я Iэзагъым и зы хэкIыпIэ хьэлэмэт ахэр зэрыхъунум шэч хэлътэкъым. Дыщымыуэмэ, т елевиденэм зэгу эрым щыт рахауэ щыташ Мусэрбий иригъэкIуэкIа зы пщыхьэщхьэ зэIущIэ. Абы и лэжьакIуэхэм ар трамыгъэкIыжамэ, къагъуэтыжрэ мы махуэхэм къагъэлъэгъуэжмэ, сэбэпышху э хъунт.

Ди ныбжьэгъу лъапIэ Сокъур Мусэрбий зэрытIэщIэкIрэ, зэрытщIымыгъуужрэ илъэс 20-м нэблэгъащ. А зэманым абы и къалэм шэрыуэм лъэпкъ литературэм дамэ хуэхъун тхыгъэ, лэжьыгъэ Iэджэ къыщIэкIынут. Ауэ абы къытхуигъэна тхыгъэхэри ирикъунущ ди ныбжьэгъуфIым и фэеплъыр мыкIуэдыжу адыгэ литературэм и тхыдэм ирихэтыну.

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,
КъБКъУ-м и профессор.

Сыт ар зыщIэхъуэпсар

СОКЪУР Мусэрбий зыщIэхъуэпсар дунейпсо литературэм и щапхъэфIхэр, Iэзагъэм и дерс лъагэхэр я гъуазэу, адыгэ тхакIуэхэм я творчествэм зиужьынырт, абы «лъахъэ» хуэхъухэм ди литературэр щыхъумэнырт.

ЕгъэджакIуэ Iущу, критик акъылыфIэу, ущиякIуэу къытхэта, лъэпкъ литературэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Сокъур Мусэрбий къытхуигъэна дерсхэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

ЩIэныгъэлIхэми, егъэджакIуэхэми, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэми, тхакIуэхэми фIыуэ ялъагъуу, пщIэрэ щIыхьрэ хуащIу, дахэу, гуапэу, цIыхум сэбэп яхуэхъуу дунейм тетащ Мусэрбий. Апхуэдэ цIыхум и цIэми и гуащIэдэкIми зэманыр пэлъэщынукъым.

ШЭВЛОКЪУЭ Петр.
1995 гъэ.

Уэрэдым сэ сыкIэлъобакъуэ - сылъэщIэмыхьэу къэзгъэщIам

Дунейм ехыжамэ, тхакIуэм и пщIэр зэралъытэр и гуащIэдэкIырщ. ТхакIуэм и насыпщ, абы пщIэ щIыхуащIын лэжьыгъэ къызэринэкIамэ, къызэринэкIар цIыхухэм къабыл ящIамэ.

ИГЪУЭ нэмысауэ, хузэфIэкIынум хуэдиз илэжьын хущIэмыхьауэ, дунейм ехыжащ Сокъур Мусэрбий Хьисэ и къуэр. Тхылъ Iув Iэджэм я уасэ Сокъур Мусэрбий и гуащIэдэкIыр зэи щыужьыхынукъым ди литературэм и тхыдэм. Зи цIэ ягъэпIийуэ, къэрал саугъэтхэмкIэ зэщIэблауэ щыта тхыгъэ «дыгъэл» куэд IэщIэкIуэдэжащ зэманым - щыIаи щымыIаи: я цIэ къудей ираIуэжыркъым нобэ. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: гупкIэпысхэм я «пшыналъэти», зыдежьууахэм я ужьыр яхуащ, нобэ щыгъуазэри литературэм и тхыдэр джын хуейуэ зи пщэ дэлъхэрщ. Ар къащыщIакъым Сокъур Мусэрбий къызэринэкIа тхыгъэхэм. КъащыщIакъым, ахэр зи гупсысэр кууу, зи акъылыр бзыгъэ, пэжымрэ захуагъэмрэ зи гъуазэ цIыхум и Iэдакъэ къыщIэкIати.

ЗэчийкIэ Тхьэр псоми яхуоупсэ - хэт нэхъыбэкIэ, хэт нэхъ мащIэкIэ. Дауи щрети, зэрагъэунэхуащи, зыгуэрым хуэмыфI хьэдрыхэ кIуэркъым. Зэчий ин дыдэкIэ Тхьэр зэ тахэм ящыщащ Сокъур Мусэрбий - абы щыхьэт техъуэфынущ адыгэлI щыпкъэм и зы тхыгъэ, нэхъ мыхъуми, еджа дэтхэнэри. Къалэмыр IэщIэлъыху, Сокъур Мусэрбий ди нэгу щIигъэкIащ абы и псалъэм и гуащIэр зэрыиныр, и акъылыр зэрынэхур, и нэр зэрыжаныр. Сокъур Мусэрбий и япэ тхыгъэр дунейм къыщытехьа махуэм псоми хьэкъ ящыхъуауэ щыташ зи къалэмыр жан, зи гупсысэр куу цIыху ди литературэм къызэрыщIэтэджар. Дигу къэдгъэкIыжынщ «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерым Мусэрбий тридзауэ щыта «Къэбэрдей литературэм зэрызиужьам и IуэхукIэ» тхыгъэр. Куэд игъэуIэбжьауэ щытащ а тхыгъэм. ИмыгъэуIэбжьынкIи Iэмал иIэтэкъым: ди литературэм и тхыдэр Сокъурым ди пащхьэ къриЛъхьащ абы и пэкIэ зэрамыджауэ, зэремысауэ. Мусэрбий нэгъуэщIынэкIэ дыхигъэплъащ ди литературэм и тхыдэм, а тхыгъэм и ужькIэ лъэпкъ литературэм и тхыдэм нэгъуэщI «теплъэ» игъуэтауэ жыпIэ хъунущ - абы и щыщIагъэхэри и ехъулIэныгъэхэри куэдкIэ нэхъ IупщI ищIын хузэфIэкIащ Сокъур Мусэрбий. Зи цIэ къитIуа тхыгъэм («Къэбэрдей литературэм зэрызиужьам и IуэхукIэ») и ужькIэ куэд мыщIэу Сокъурым «Iуащхьэмахуэ» журналым тридзауэ щытащ «ЛIыгъэм и макъамэ» тхыгъэр - [illegible] къудейкIэ - адыгэ пшыналъэм) и [illegible]лэмэтагъэхэр, и унэтIыпIэ-гъэзапIэхэр [illegible] игъэуIэбжьар мащIэкъым, тIкIы[illegible]ури, ири[illegible]щIри. Абы щхьэкIэ икIуэтыжакъым Мусэрбий, и гупсысэм текIакъым, къалэмыр IэщIэлъыху[illegible]

ЛIыгъэм и макъамэ

Апхуэдэ цIыхут Сокъур Мусэрбий, псэуху, зыгуэрхэм я гуапэ ищIын щхьэкIэ, и гум имылъ щиIуэтаи щыдичыхаи къэхъуакъым. Къэхъуакъым, Сокъурыр акъылышхуэ зиIэ, щIэныгъэ кууу зыбгъэдэлъ, жыжьэ плъэф, пэжымрэ захуагъэмрэ темыкI цIыхути. Ар уи фIэщ ящI Мусэрбий къызэринэкIа тхыгъэхэм я фIыпIэм.

Сокъур Мусэрбий и гуащIэдэкIым и пщIэр дэкIуэтей зэпытурэ зэрыщытынум шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым, ауэ а пщIэр зыхуэдизымрэ и мыхьэнэмрэ иджыри къэс лъыта, джа, хута зэрымыхъуари нэрылъагъущ. Литературэм и тхыдэр щаджкIэ, хабзэ зэрыхъуащи, псом япэ зи цIэ ираIуэр, жьантIэр зылъагъэсыр, тхыдэм и «бжаблэм» иратхэр усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэщ, Мусэрбий щылэжьа IэнатIэм (критикэмрэ литературнэ щIэныгъэмрэ) бгъэдэтахэм я цIэр ягу къыщыкIыжыр зэзэмызэщ - псалъэм къыдэкIуэу. Къалэмыр зыIэщIэлъа цIыхум и гуащIэр зэрылъытэн хуейр, дауи, ар щылэжьа жанрыракъым. Нэхъыщхьэр абы и гуащIэдэкIым и мыхьэнэрщ, ар усэуи, романуи, пьесэуи, критикэуи щрырети. Дэнэ IэнатIи щрелажьэ, къалэмыр зи Iэщэм и гуащIэмкIэ литературэм зы лъэбакъуэ, нэхъ мыхъуми, иригъэчын хузэфIэкIамэ, апхуэдэм и пщIэр бгъэкIуэд хъунукъым.

Бгъэдэлъ Сокъур Мусэрбий апхуэдэ пщIэ? Ди литературэм лъэбакъуэщIэ иригъэчын хузэфIэкIа абы? А упщIэхэм жэуап иритыну хуитщ дэтхэнэри. Сэ зэрыслъытэмкIэ, Сокъур Мусэрбий ди литературэм и чэзум къыщIэтэджауэ щымытамэ, ар и пIэ Iэджэрэ иуджыхьынт, гъэзапIэ хуэхъунумрэ зыщIэкъупхъэмрэ лъыхъуэ зэпытурэ. Зи Iэпкълъэпкъыр зэрыубыдагъащIэ литературэхэм зрачын папщIэ, Сокъурым хуэдэ цIыху къащIэтэджэн хуейщ. 60 гъэхэм щыщIэдзауэ ди литературэм лъэбакъуэщIэ ичамэ, ар куэдкIэ и фIыгъэщ Сокъур Мусэрбий. Абы и псалъэр, щIэныгъэ куурэ гупсысэ жанкIэ гъэнщIауэ, ди литературэм щыIуа нэужь, ар тегушхуэгъуафIэ ящIыжыфакъым, литературэр хэхъуапIэрэ шхапIэрэ зыщIауэ щыта «псынщIэрытхэ» куэди хуэм-хуэмурэ кIэрыщэщыжащ, утыкум къихьащ нобэ абы жыджэру щылажьэ тхакIуэ, усакIуэ щIэблэ гуащIафIэ.

Нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, ди литературэр гъуэгуанэщIэ теуващ, зиужьын щIидзэри лъагапIэщIэхэм ебгъэрыкIуащ. АбыкIэ фIыщIэ зыбгъэдэлъхэм ящыщщ Сокъур Мусэрбий. Ар и щхьэ трилъхьэн дэнэ къэна, и пщIыхьэпIи къыхэхуэу щытакъым Мусэрбий - апхуэдэ фIыщIэ зэрыбгъэдэлъыр, лъэпкъ литературэм лъэбакъуэщIэ ирагъэчын зыхузэфIэкIахэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр.

Сокъурым псом хуэмыдэжу къаруушхуэ ирихьэлIащ адыгэ усакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим и лирикэр джыным. Мусэрбий щIипIлъыкIащ КIыщокъуэм и лирикэм зэпича гъуэгуанэ кIыхьыр. ЩIиплъыкIа къудейкъым: усакIуэм и творческэ гъуэгуанэм мыхьэнэ щызиIа дэтхэнэ усыгъэми и гъэпсыкIэмрэ и мыхьэнэмрэ игъэбелджылын хузэфIэкIащ, а гъуэгуанэм и гъэзапIэ, ублапIэ нэхъыщхьэхэр иубзыхуащ.

КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм куэдрэ тетхыхьащ Мусэрбий - и усыгъэхэри и романхэри къызэщIиубыдэурэ зэдиджащ, зэпкърихащ абыхэм я шыфэлIыфэмрэ я мыхьэнэмрэ. Ар куэдыIуэрэ псалъэмакъ зэрищIым щхьэкIэ, Мусэрбий гукъанэ хуэзыщIи щыIащ. Гукъанэ къыхуэзыщIхэм псалъэ япидзыж и хабзэтэкъым Сокъурым, КIыщокъуэм и гуащIэдэкIыр иджыни ихутэни зэпигъэуртэкъым.

Дауи, Сокъурым абыкIэ гукъанэ къыхуэзыщIахэр КIыщокъуэ Алим «пеуэхэрагъэнт»: дэ дынэхъыкIэ, дынэхъ гуащIэмащIэ?! «НэхъыкIэмрэ» «нэхъ гуащIэмащIэмрэ» зэманым зэхигъэкIащ, щхьэж къылъыс IэнатIэм щысабырыжри. КIыщокъуэ Алим хьэIупс щащIа зэманым абы дагъэкIуэнт Сокъур Мусэрбии - «гущхьэIыгъхэм» я гур апхуэдизкIэ къыхуэплъырти. НэгъуэщI щхьэусыгъуэ къыхуагъуэтурэ, Мусэрбий мащIэрэ зэхэзехуэн ящIакъым а зэманым, и лэжьыгъэ IэнатIэм къыщыIуагъэкIаи къэхъуащ - цIыхум сыт хуэдэ щхьэусыгъуэри къыхуэбгъуэтыфынущ, уи гур хуэплъмэ.

Зэмыныбжьми, КIыщокъуэ Алимрэ Сокъур Мусэрбийрэ яку ныбжьэгъугъэ дахэ зэрыдэлъар псоми дощIэ. ШынэхъыщIэ хуэдэ къилъагъурт ди литературэм и тхьэмадэм Мусэрбий, иригушхуэрт абы хэлъ цIыхугъэ лъагэмрэ гукъабзагъэмрэ. СощIэж Алим мыр жиIауэ зэрыщытар: «Мусэрбий хуэдэ куэдрэ къалъхуркъым, ди лъэпкъым Тхьэр къыщыхуэупсэнум деж апхуэдэ цIыху къытщIегъахъуэ. Ар езы Мусэрбий ищIэжыркъым». КIыщокъуэм абыкIэ акъылэгъу дэмыхъун гъуэтыгъуейщ: ди лъэпкъым Тхьэр къызэрыхуэупса цIыху телъыджэхэм ящыщащ Сокъур Мусэрбий - и акъылкIэ, и щIэныгъэкIэ, и цIыхугъэкIэ, и къабзагъэкIэ. Абы зы махуи ирипэгакъым Мусэрбий, цIыхум захиIэтыкIауэ, и щхьэм темылъ трилъхьауэ зылъэгъуаи щыIэкъым. «Жьым щхьэ ядешх, щIэм лъакъуэ ядешх» зыхужаIэхэм ящыщащ Мусэрбий, лэжьэгъухэми ныбжьэгъухэми яхэзагъэ, я пщIэр зылъытэф цIыхуущ дунейм зэрытетар. Езым закъыхимыгъэщми, ныбжьэгъуми лэжьэгъуми ящIэрт Мусэрбий щIэныгъэкIи, акъылкIи, цIыхугъэкIи зыхэтым зэрефIэкIыр.

Сокъур Мусэрбий нэхъыбэм зэрацIыхур и литературнэ, критикэ лэжьыгъэхэмкIэщ. Дауи, ахэращ абы и зэчийр нэхъ щызу, IупщIу нэрылъагъу щыхъуар. А тхыгъэхэм нэмыщI, Мусэрбий къызэринэкIащ гупсысэ кууу кIэ гъэнщIа усыгъэ телъыджэхэри. Езы Мусэрбий зэи зилъытэжакъым усакIуэу, а цIэм щIэбэгакъым. Утыку ихьэу, е и ныбжьэгъухэм щахэтым деж и уси къеджэу щытакъым. И щхьэ трилъхьэртэкъым, зы усэ къаIэщIэтхыхьамэ, утыку илъадэхэм, ар зи напщIэ телъхэм, абы ирипагэхэм ящыщтэкъыми.

ГУПСЫСЭР зэраIуатэр бзэращ. Шэч хэлъкъым: зи гупсысэр жаным и бзэри жанщ. Апхуэдащ Мусэрбий и бзэри и гупсысэри. Ди литературэм щыгъуэтыгъуейщ абы хуэдэу адыгэбзэр зыгъэшэрыуэфа. Сокъурым и къалэмым къыщIигъэлъэфащ адыгэбзэм и кууупIэ дыдэр, абы и дэтхэнэ тхыгъэми щызыхыбощIэ ди бзэр зэрыкъулейр, дэтхэнэ псалъэри щичэзум деж къэбгъэсэбэпмэ, щIэщыгъуэ, шэрыуэ, гукъинэ зэрыпхуэщIынур. Ар хузэфIэкIащ Мусэрбий. Сокъурым и тхыгъэхэм ущытезашэ къэхъуркъым, уеджэн щIэбдзэмэ, узыIэпишэ зэпытщ - и гупсысэр зэрыжаным, зэрыкуум нэмыщI, ар зи фIыщIэр Мусэрбий и адыгэбзэ къулейрщ.

ЛIыгъэм и макъамэ - апхуэдэцIэ фIищыгъащ Сокъурым и тхыгъэ пасэхэм ящыщ зым. Ардыдэр хуэфащэщ езы Мусэрбий и гъащIэми и гуащIэдэкIми - лIыгъэм и макъамэ. Дунейм тетыху, лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэщ абы гъуазэу иIар, и тхыгъэхэми къащIэIукIыр а макъамэ бзафIэрщ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
«Адыгэ псалъэ» газетым и литературнэ обозреватель.

Борыкъуей щыщ и ныбжьэгъухэм яхэту. Сокъур Мусэрбий ищхьэмкIэ ещанэу щытщ. *1974 гъэ*

Гулъытэ

Сокъур Мусэрбий адыгэ литературэм лъэныкъуэ куэдкIэ хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа цIыхущ. Ар щытащ критик, литературовед Iэзэу, егъэджакIуэ щэджащэу, езым и гупсысэкIэ зиIэж усакIуэу, зэдзэкIакIуэу.

ЛИТЕРАТУРЭМ и лъэныкъуэ псоми абы езым и псалъэ щыжиIэфащ. Мусэрбий зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ, акъыл нэху зиIэ, лIыгъэ зыхэлъ, зи Iуэху еплъыкIэ зиIэж цIыхут. Абы щIиджыкIат дунейпсо литературэр, гукIэ ищIэрт усакIуэ куэд дыдэм я усэ нэхъыфIхэр икIи абыхэм удихьэхыу къеджэрт. Ар зыцIыху псоми яфIэфIт абы и гъусэну, и чэнджэщхэм щIэдэIуэну. Абы щыгъуэми Мусэрбий фIэфIтэкъым и щхьэр ямылейуэ иIэтыну. ИтIани ар псоми ныбжьэгъу яхуэхъуфыртэкъым. Зыхуэхъур езым игу ирихь, щIэныгъэ, гъэсэныгъэ, зэчий бгъэдэлъу илъытэ цIыхухэрат. Ди литературэм зэрыхэта илъэс плIыщIым абы хузэфIэкIащ къэбэрдей критикэм зэрызиужьын хуей гъуэгухэр иубзыхун, ар здынэса гъунапкъэхэр тэмэму къигъэлъэгъуэн, дяпэкIэ къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм гулъытэшхуэ хэлъу тетхыхьын.

Езым и лъэхъэнэгъуу щыта къэбэрдей тхакIуэхэм ящыщу гугъущ къэбгъуэтыну ар зытемытхыхьа, абы гулъытэ зыхуимыщIа, а псоми къыдэкIуэу ар езыри усакIуэ Iэзэт, усэ тхылъитI фIэкI къыдимыгъэкIами. Ещхьыркъабзэу, Мусэрбий икIи зэдзэкIакIуэ зэфIэкIышхуэ иIэт.

Сокъурыр дунейм ехыжри илъэсищ дэкIауэ, абы и фэеплъыр гуапэу си гум илъу, стхауэ щытащ мы усэр.

Жыжьэ къиIукI макъ

КъоIукIыр жыжьэ зы макъ гуэр.
Ар къыздиIукIыр дэнэ щIыпIэ?
Си тхьэкIумитIым зэщIащыпэ.
Дощыпэ ахэм, сакъыу, псэр.

Зэм ткIийщ а макъыр, гуапэщ зэм.
Ар тыншу сэ къызоцIыхужыр,
Аргуэру си гур донэхужыр:
Сыт хуэдэу щытми, фIэфIт ар псэм.

КъэбгъащIэу щытми илъэс щитI,
ПсэункIэ сытми урикъун?!
Аращи, хуейщ мы зым щIэкъун -
УиIам ярейуэ уэ гъащIитI,

УпсэухункIэ, нэхъ къулей
Уэ пщIынырщ уи псэр, уи акъылыр.
ЩIэныгъэ мафIэм пэщылъ мылыр
ДэткIунщ итIанэ уи дунейм.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Нэпкъыжьэ

Псори щыгъуазэщ ди литературэм и тхыдэм, абы зэрызиужьа гъуэгуанэхэм, и ехъулIэныгъэхэм, и ныкъусаныгъэхэм теухуауэ Мусэрбий и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ купщIафIэхэм. Абыхэм я пщIэмрэ я мыхьэнэмрэ ноби зэрыиным сэ шэч къытесхьэркъым. ЦIыхур нэхъ зыщымыгъуазэр Сокъурым и усыгъэхэрщ - абыхэм еджа дэтхэнэри щыхьэт техъуэфынущ Мусэрбий усакIуэ телъыджэуи зэрыщытам.

УИ НЭПКЪЫЖЬЭ, уи дамыгъэ уиIэжу дунейм утетыныр фIыщ.

УсакIуэм и лIыгъэмрэ и напэмрэ я гъуджэр и усыгъэрщ. УсакIуэр щыусакIуэр езым и нэпкъыжьэ, и дамыгъэ щиIэжым дежщ. Ауэ ар зэрымыIуэху тыншыр тэмэму къыгуроIуэ, и усэхэм я гъэпсыкIэ хъунум ирогузавэри, аращ Сокъур Мусэрбий и усэр мыпхуэдэ гурыщIэ псалъэхэмкIэ гъуэгу щIыитригъэхьэр: «СогъакIуэ усэр IуэхутхьэбзащIэ, къимыгъэзэжмэ, си дунейщ».

УсакIуэм и гум пыIэгъуэ игъуэтамэ, абы нэпкъыжьэ, дамыгъэ иIэжынукъым. Зи усыгъэм, зи нэпкъыжьэм хуэмыфащэу къыщIидзыжыну, хьэмэрэ зи дамыгъэм IэщIыб къиищIыжынкIэ хъуну усакIуэхэм Сокъур Мусэрбий зэращымыщыр ди фIэщ ещI «Нэпкъыжьэ» тхылъым. УсакIуэм сыт хуэдэ гъуэгу дытришэми, а гъуэгур тфIэкъабылщ, тфIэгъэщIэгъуэнщ, гупсысэ нэхукIэ дихуэпауэ, тлъэгъуамрэ зэхэтхамрэ зэрыпэжым шэч къытедмыхьэу къыдохьэлIэ ди гъуэгуанэр.

Сокъурым дежкIэ усэр ауэ сытми усыгъэ къудейкъым - усэр лирикэ лIыхъужь, псэрэ пкъырэ зиIэ къэхъугъэщ, лирикэ лIыхъужьыр цIыхуфIхэм фIыкIэ зэращыгугъым ещхьыркъабзэу, усэхэм куэдкIэ ящогугъ гуапэу къытхущытыну.

Усыгъэм уи нэпкъыжьэ къыщытенэфынур уи япэкIэ ятха нэхъыфIым - лъэпкъым и къежьэкIэ хъуам зэпымыууэ улъыхъуэу, апхуэдэ уэри уигу щIагъым къызэрыщIэкIынум ухуэпабгъэу, абы узэрылъэщIыхьэнум уи псэр ехьэлIауэ укIэлъыбакъуэу щытмэщ. Сокъур Мусэрбий и усэхэм дыхуашэ апхуэдэ гупсысэм.

Гупсысэшхуэрэ акъыл нэхукIэ гъэнщIауэ, укъыщеджэкIэ уи гущIэм зыкъыдигъазэу, уи гупсысэри ирашажьэрэ жыжьэ уашэу, ауэ сыт хуэдэ лъэхъэнэ, сыт хуэдэ щIыпIэ укъыщыхутами, нобэрей ди зэманым укъыхашэжрэ уагъэгуфIэжу усэ куэд къызэринэкIащ Сокъурым. Абыхэм ящыщщ «Дуней Iуэхухэр» усэ гупыр, ди лъэпкъым и дыгъуасэм, и тхыдэм теухуа «ЖаIэж лIыгъэбзу хэку щыIауэ», «Къырхэм щызоджалэ джэрпэджэжыр» усэ хьэлэмэтхэр, нэгъуэщIхэри.

Насыпыр Iыхьэ мыгуэщ жыхуаIэм ещхьщ зыкъомкIэ фIылъагъуныгъэри. Абы и гуфIэгъуэр зылъысри абы иринэщхъейри къыпхуэщIэнукъым. Ауэ хьэкъыр зыщ: а тIури зымыгъэунэхурэ зымыгъэврэ гъуэтыгъуейщ. Абы щыхьэт техъуэ усэ и мащIэкъым Мусэрбий. ФIылъагъуныгъэм хуэгъэпса усэхэмрэ сонетхэмрэ яхыдолъагъуэ Сокъурым и нэпкъыжьэр, мыбдежи ар зэры-Мусэрбийуэ, адрей усакIуэхэм емыщхьу къонэж. Апхуэдэу щIыщытым и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: усакIуэм зи гугъу ищI фIылъагъуныгъэр езым игъэунэхуарщ, гурэ псэкIэ игъэварщ.

ЕЛГЪЭР Кашиф,
«Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ.

Дыжьын гъуру мэзу

КЪУЛЕЙЩ, шэрыуэщ, щIэщыгъуэщ Сокъур Мусэрбий и бзэр. СурэтыщI Iэзэм дунейм и плъыфэхэр уи нэгу къызэрыщIигъэувэфым хуэдэу, Сокъурым и псалъэ дыгъэлым уи нэр жан дохъу.

Мусэрбий къиIуатэ гупсысэр зэнзэныпсым хуэдэу къабзэщ, и псалъэхэр дыжьын гъуру мэзу, гупсысэм я нэхъ кууri псалъэ мащIэ дыдэкIэ еIуэтэф, и бзэмрэ и псалъэмрэ ущытезашэ къэхъуркъым, сыту жыпIэмэ ди пащхьэ кърилъхэр гупсысэ куущи. Хэкумрэ лъэпкъымрэ я пщIэр нэхъ лъагэ зэрыхъунырщ Сокъурыр зыхуэлэжьар, аращ абы и цIэр щIэблэм щIащымыгъупщэнур.

КIУРАШЫН БетIал. *1991 гъэ.*

СОКЪУР Мусэрбий и усэхэр

Къырес зэман

1

Уэсу дыжьын вагъуэ!
ЩIылъэр тхуэгъэбагъуэ!
Сажнэ къэскIэ мэкъу Iэмбатэу
ХъупIэр тхуэгъэбатэ!

Уэшх! Зумыгъэжьажьэ!
Еш уимыIэу лажьэ!
Хьэсэм хуэзэу гуэдз къэпищэ
Ди гъавэм тхупыщэ!

Къепщэ уэру, жьыбгъэ,
ТхуэпщIу дунейр бзыгъэ.
Нобэ пIащIэу махуэ блэкIым
Пщэдейр ебгъэфIэкIыу.

Дыгъэ! Уи нэ пIащэр
ТхуумыуфIыцI, угъу ащэу.
Уи бзий пщтырхэм ер хагъащIэ у,
ФIыр тхуэгъэщIэращIэ!

Усэ, гум уемыуэ у
Зытхуэгъэшэрыуэ!
Ди щхьэр фIэхум, тхуэпIэтыжрэ
Ди лъэр жан тхуэпщIыжу!

2

Сэ сщIэнт ЩIыщIэжьым нэхъ пхуэфащэр,
Уи къуэ нэхъ инхэм сахэтамэ.
Сыпхуэхъуфамэ уэ зы дамэ -
Птелът си нэпкъыжьэр пхэмыгъуащэу.

Уэракъэ, си щхьэм сыщIэтIахъуэу,
Махуае къэхъумэ, зи Iэ пщтыр
ЗыхэсщIэр? Ноби уи «къуэдыр»
Изу сокIуэкIыр си кIэдахъуэм.

Арми согугъэ: къысхуихуэнкIэ
Хъунщ, сынэхъ мыгъуэми лIы псом,
СыкIэлъыплъыфу уи бэкъуэкIэм...
А псори Iуэхукъым, уэ упсэум.

3

Уи ку ейм сынохьэ си щхьэ закъуэу.
Тэрчыжь и макъыр илъэщIау,
УэрэдкIэ у эгум зыщIегъакъуэ,
Уэрэдым сэ сыкIэлъобакъуэ -
СылъэщIэмыхьэу къэзгъэщIам.

Нэхъ Iэщэ жану уэ плъагъунур
ПхъэIэщэм фIремыкI, ЩIыщIэжь.
УщремыщIэ пэш лэгъунэ,
Удрегъагъэ бын пыжьынэм,
Ущрахъумэ уэ емынэм,
Уи жьэгу щремыункIыфI дакъэжь.

4

Пшагъуэр уафэгум къызэрыхьым,
ЩIым къетIэтIэхыу къытхопыхьэ.
Зэманыр махуэ хьэмэ жэщ -
Нур лъэпкъ кIыфIыгъуэм къыхэмыщ.

ЦIыху бзаджэм я Iэр зэрыубыдым,
Дыгъэр ялъокI ягъэункIыфIын.
Дэ мафIэ бзийуэ дымылыдым,
КIыфIыгъэр сытым исыжын?

5

ЗызыфIешыр, пхъужь пшынауэу,
Щиху Iэхулъэху лантIэшхуэм,
Жьы хьэулейм игъэIулIауэ
Къофэ тхьэмпэ фэхухэр.

Уафэ хуитым пэрыхьэту
Итщ хы купраузыр.
... Нэчыхь къабзэр и щыхьэту
Лъхуащ бгырыс цIыхубзыр.

Пшапэ кIасэр щызэхэуэм
КъалъхуагъащIэм и нэм
А жэщ кIыфIым щыщ бэяур
Щызу щIекIэ анэм.

ЩIалэ цIыкIур мылIэжыну
Лъабжьэ хуохъу лъэпкъыцIэм.
... Мис аращ си хэку и быным
И нитIыр щIэфIыцIэр!

6

Къэрал гъунэм пкъо хамытIэу
Къырес зэман.
Щай нэф Iэщэм ныщIамыту
Къырес зэман.

ЩIылъэм уэгур хуэгумащIэу
Къырес зэман.
Марс къикI хьэщIэм дыхуэпIащIэу
Къырес зэман.

ЩIым сабийхэр темыхуэжу
Къырес зэман.
ЦIыхубз мылъхуэ щымыIэжу
Къырес зэман.

ЦIыхухэр псэууэ, ямыукIыу
Къырес зэман.
Дуней псор зы жармыкIэу
Къырес зэман.

ГъащIэм и гъуджэ

Ди лъэпкъ литературэр къэралыгъуэ жыгым и зы къудамэщ, а жыгыр кIуэтэху нэхъ уардэу зэщIогъагъэ, ди лъэпкъ къудамэри а гъагъэм щылыдыпхъэщ.

Литературэр лъэпкъым и тхыдэм, махуэ къэс екIуэкI гъащIэм я гъуджэу щытыпхъэ къудейкъым ди лъэхъэнэм. Лъэпкъ псори мурад лъагэ зэдахуэдэм псэкIэ зэрыубыдауэ щахуэбанэ лIэщIыгъуэм икъукIэ хохъуэ дэтхэнэ литературэми и къалэныр.

СОКЪУР Мусэрбий.

Пщlэ зыхуэсщl «Адыгэ псалъэ» газетыр къыдэзыгъэкl гупым и пашэ, лъэпкъ lуэхум гурэ псэкlэ телажьэ тхьэмадэ Хьэфlыцlэ Мухьэмэд! Мы си тхыгъэм, къэгупсыса хъыбару щымыту, си нэгу щlэкlащ къыщысlуатэри, фи газетым и зы къыдэкlыгъуэ гуэрым ар къытевдзэну согугъэ.

●ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Си адэ Жабо Хьисэ теухуа хъыбар

СЫХУЕЙТ си адэм и гъащIэр къызэрекIуэкIам, цIыхугъэрэ адыгагъэу хэлъам, си сабиигъуэм езым жиIэжу зэхэсхахэм мащIэу сыкъытеувыIэну, абы къыдекIуэкIа цIыху хьэлэмэтхэм, ди гъунэгъуфIхэм сатепсэлъыхьыну. Си ныбжьыр хэкIуэтами, нобэр къыздэсым а гукъэкIыжхэм гушхуэныгъэ къысхалъхьэу, дэрэжэгъуэ къызату сопсэу. ЗэрыжаIэщи, дэтхэнэ щIэблэми езым и лъэхъэнэ иIэжщ. Гугъуехь куэд къызэзнэкIами, си гум ехуэбылIэ гукъэкIыжхэр псэм щызогъафIэри, Iэджэ и уасэщ. Сыту куэд зэхиджа жывмыIэу, зи цIэ къисIуахэр къыхэвгъэщмэ, гуапэ сщыхъунт.

Мы сурэт незгъэхьым, ещанэр, нэхъ цIыкIур, си адэ Жабо Хьисэщ, зэрытрахрэ илъэсищэм щIигъуащ. Абы зэрыжиIэжу щытамкIэ, а лъэхъэнэм, Къэзан мыдрисэм щеджэрт. Мы къыбгъурыт адыгэлI бжьыфIэ, теплъэ дахэ зиIэхэр хэтми сцIыхуркъыми, ари сигу къоуэ. Ярэби, ди унэкъуэщхэу бегъымбар щылъхущ, лъэпкъ угъурлыщ зыхужаIэу къэпсэуахэм ящыщ, хьэмэрэ ди адэм къыдеджа, ныбжьэгъуфIу иIа, ди дежи зэзэмызэ къакIуэу щыта, Аргудан щыщхэу Суйдым Къэзихъан, Къэмбэчокъуэ Мэдин, УнэлIокъуэ Хьэжсэхьид, Безырхэ Хъусенрэ Мэжидрэ языхэз?

Сыт щыгъуи пщIэ яхуищIу си адэм къыдэгъуэгурыкIуахэщ Дзэмыхь Мац, Слъон Хьэчим, Къалмыкъ Жумалдин, Гъут Мэд, Бадзэ Бал, Къардэн Елдар, Урыс Мацу, Битокъу Алий, Бэрбэчхэ Куэкуэзрэ Алимырзэрэ, Ефэнды Къасым сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри, адэкIэ зи цIэ къисIуэнухэри быныфIэу, хабзэрэ нэмысрэ я унагъуэм щызекIуэу дунейм тетащи, ахърэт нэхур Тхьэм къарит.

Ди адэм къулеигъэшхуэ бгъэдэмылъами, акъылыфIэу, и гур хьэлэлрэ и псэр къабзэу, цIыхум фIыуэ къалъагъуу псэуащ. Си къару нэхъапэщ жимыIэу юлхоз лэжьыгъэм пэрытащ. Абы и щыхьэтщ Къущхьэ Башир, а лъэхъэнэм къуажэ унафэщI ткIийуэ щыта цIыху хахуэм, пщIэ къыхуищIу зэрыщытар.

Ди адэ-анэм бынкIэ насыпышхуэ яIакъым. Си дэлъху закъуэмрэ сэрэ ди япэкIэ ягъуэта быниплIыр лIэжат. Дэ тIум къыткIэлъыплъыну щIэхъуэпса пэтми, хунэсатэкъым. Ди анэр балъкъэрыпхъути, а лъэпкъыр лъахэм щрагъэкIым, абы Iыхьлырэ благъэу иIахэр, и анэри яхэту, лажьэ ямыIэу дашри ежьэжат. Ахэр игъейуэрэ, мылIэу зэ яIуигъэплъэжыну Тхьэшхуэм елъэIуурэ, езыр бампIэ узым ихьащ. А зэманым сэ сышколакIуэт, си дэлъхум щIыпIэ жыжьэм армэ къулыкъур щрихьэкIырт.

Хъуну зы уэстын, хьэмэрэ мыхъуну щэ уэстын, жыхуиIэм хуэдэт си дэлъху закъуэр. Къэзылъхуахэм ещхьу Iиман, диныр и гъусэу, и нэщIи и нэмэзи тэмэму, къабзэлъабзэу и щIалэгъуэм щыщIэдзауэ игъэзащIэу, жьы хъуху кIэ колхоз машинэм и рулыр иIыгъащ, нэхущым дэкIрэ жэщыбгым къыдыхьэжу лэжьащ. Арауэ къыщIэкIынщ къуажэдэсхэм абы и щытхъу яIуатэу, псалъэ гуапэ хужаIэу щIыщытри.

Ди адэм фIы куэдым дыхуиущиящ. Абыхэм ящыщ куэд си гъащIэм сэбэп къыщыс хуэхъуащ, бын гъэсэныгъэри хэту. Ди анэми дэтлъэгъуащ IэфIыгъэ куэд, и гъащIэ мащIэм хьэлэлагъыу благъэхэм, гъунэгъухэм яхуиIар нобэми ящыгъупщэркъым.

Сыту хьэблэфI сыдалъхуат, сытуи фIыуэ зэрылъагъу жэмыхьэтт сыкъыщыхъуар. Куэдрэ пщIыхьым хэту си нэгу къыщIохьэ ди гъунэгъуфIу щытахэу Жэбалыхэ Алийрэ Хьэжмырзэрэ, КIарэхэ ПIерошрэ Цыцурэ. Апхуэдэщ ди унэкъуэщыфIу Аслъэныкъуэ, Безрыкъуэ, Мухьэмэд сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми, сыт хуэдэ гугъуехьми къыпимыкIуэту, бынитху-быний япIащ, гъэсэныгъэ екIу бгъэдалъхьащ, яхузэфIэкI щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ.

ЦIыху мелуанхэр зыхэкIуэда а зауэшхуэм и хьэзабымрэ гугъуехьымрэ зылъэмыIэса унагъуэ къэгъуэтыгъуейщ. Фашистхэр ди лъахэм къыщихьа лъэхъэнэм щыщ пычыгъуэхэр сэри сигу къинэжащ.

Зы жэщ гуэрым румыницрэ зы нэмыцрэ бжэр къыIуаудри, автомат уздар яIыгъыу, пэшым къыщIыхьащ. Ди анэм и гур узу къытехуауэ си дэлъхумрэ сэрэ дыгъыу дыщхьэщыст. Абыхэм языр къыдбгъэдыхьэри пщафэкIэ дыкъыщIидзащ. Си адэм зыхуагъазэри и щIыбым автоматыр траубыдащ, «Дэвай карк», жаIэурэ. Ахэр зыхуейр къыгурымыIуэу а тхьэмыщкIэр гужьеяуэ зэм ди деж къажэрт, зэм ди анэм ежалIэрт. Иужьым, автоматым щIэту джэдэщым яхуащ, джэдищ къыщIрагъэхри, езыхэм зэхафыщIэщ, ягъажьэри, яшхыурэ дэкIыжащ...

Бийхэм гущIэгъу зыхэлъи къахэкIырт. Къуажэм нэмыцэ кхъухьлъатэ къыщхьэщыхьэу зэрызэхэтхыу хьэблэм дэсыр Жабо Аслъэныкъуэхэ я щIыунэшхуэм дыщызэхуэсырт. Махуэ гуэрым, кърадзых лагъымым и уэ макъыр, езы кхъухьлъатэм и вууныр кIащхъэ зэрыхъуу, щIыунэм дыкъикIуэсыкIащ. Iуэм щыфIэдза ди адэм и кIагуэ дытар къыфIэтхщ, си дэлъху Къерымбэч игъэхьэзыра баш псыгъуэ кIыхьищыр къатщтэри, плIы дыхъуу, псыхъуэмкIэ дыжащ. Ди мурадт а башхэр зэрыгъэлъэда кIагуэ Iэщхьэр ди нэрыплъэу кхъухьлъатэм бомбэ къызэрыридзыхым деплъыну. Ди «нэрыплъэр» пулемет траубыдауэ къызыщыхъуа кхъухьлъатэзехуэм, напIэзыпIэм дыщигъуэлъыкIа ди хадапхэм дунеижыр дэзджызджу бомбэ къыщредзых. А напIэзыпIэм, къыздихуари дымыщIэу, зы сэлэт къэсри зыкъыттриубгъуат.

Хадэм къыщехуэха бомбэм кърикуда щIыгулъ гъуэжьыр ди гущIыIум илът, ятIэр къидэлъэлъэхыу, сэлэтыр къыддэIэпыкъуурэ дыкъэтэджыжри, унэм дыкъэкIуэжащ. Дэ сабий къуейщIей гупым делагъэ тщIауэ къащыхъуами, зы лъэныкъуэкIэ сэбэп дыхъуат, кхъухьлъатэзехуэр къэдгъапцIэри, ди сэлэт гупышхуэм щхьэщытшат.

Зэман куэд дэкIащ абы лъандэрэ, сэри илъэс блыщIым себэкъуащ, итIанэми си тхьэкIумэм иту къысщохъу а махуэм, «клейн, ложись» жаIэурэ, дыкъамыгъэтэджу, бий сэлэт гупым дызэрызэтраIыгъар, абыхэм дэр папщIэ гузэвгъуэу ятелъар.

Ди адэм хуабжьу и жагъуэт и мылэжьыгъэ, къэдыгъуа зышхыф цIыхухэм я гугъу зэхихыну, дэри мычэму къыджиIэрт: зэи хамэ мылъкум фемыхъуапсэ, фи пщIэнтIэпскIэ къэвмылэжьа зэвмыгъэуалIэ, ар хьэрэмщ икIи фкIэрызэгъэнукъым. Къэдыгъуар зэуэ къуоуалIэми, уи мылъку хьэлэлу пщIыкIэ гъэбэгъуауэ фхэщIыжынущ жиIэрт. Абы и щыхьэтщ мы хъыбарри. Сысабийуэ ди адэмрэ сэрэ абы и шыпхъум ипхъу, Къэхъун къуажэ щыпсэу Езийхэ я нысэ Марям и деж хьэщIапIэ дыкIуат. ХьэщIагъэ къыдахауэ, зыдгъэпсэхуауэ нэху дыкъекIри, пщэдджыжьым Марям къыщIыхьащ: «Сыту угъурлыуэ фыкъысхуэкIуат. СымыщIэ ххэу, си хывым хэхъуэ иIэу нэху къекIащи, уи гъусэ мы сабийм и Iыхьэщ, мазэ зы-тIумкIэ и анэм щIэфмэ, итIанэ ф хунщ», - жиIэри, гуфIэу щIэкIыжат. Тыгъэ къытхуащIа хывыр дгъафIэм, дгъашхэурэ къыдэкIуэтейри, щIэблэ къитыну и зэман щынэсым, Iуэр икъутэщ, жэщым икIуэсыкIри, екIэпцIэ мэзым кIуащ. Ди адэр махуэ тIощIым нэсыхункIэ абы лъыхъуат, арщхьэкIэ игъуэтыжакъым. И гугъэри хихыжауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым ди гъунэгъу Алий къыщIохьэри, «Хьисэ, мы уи куэбжэпэм цIыхубз дэгъуэ Iутщ, щIалэ домбей цIыкIуи и гъусэу. Щхьэ къомыгъэблагъэрэ?», - жеIэ, дыхьэшхыурэ. ДыщIэкIмэ, ди хывыр бжэIупэм Iутщ, и бжьакъуэм чы матэ бгъуфIэ фIэдзащ, нартыху кIэчан изу илъу, абы зы кIэпхын къуэлэн гуэри къелэлэхыу, хывышкIэ цIыкIури зрисэу джэгуу къыбгъурытщ.

Тхьэм ещIэ ар зи матэр, а лъэхъэнэр нартыху дэчыгъуэти, Псыгуэнсу фызхэм ящыщ гуэрым ихьыну игъэхьэзырат?! Ди адэм а матэр зэрыщыту и лIыр зыщхьэщымытыж цIыхубз тхьэмыщкIэ гуэрым хузигъэхьауэ щытащ.

ГущIэгъуншхуэ зыхэлъ т ди адэр. Зауэ нэужь зэманым цIыхум я тхьэмыщкIэгъуэм, и IэпщIэлъапщIагъэр къигъэсэбэпурэ, фызабэ куэдым сэбэп яхузхъуу щытащ. Абы и IитIыр сытми хэзагъэрт, гъущIми, пхъэми хуэIэкIуэлъакIуэт. Пэгун, тас, фалъэ, собэ, нэгъуэщI ирехъуи, хьэпшып куэд кърахьэлIэрти яхуидыжырт, яхуилъэщIыжырти, зэщIэцIуууэу яритыжырт. ПхъэхэкIхэм лошкIэ, бжэмыших, Iэнэ, шэнт цIыкIухэр къыхищIыкIырт, пхъэ фалъэ дахэхэр къу цIыкIухэр тетуи ищIырт. А псоми пэкIуэу пщIэ гуэри къаIихыртэкъым. Сыти къайIыпхынт а зэман хьэлъэм. Къулеягъэ зыбгъэдэлъыр мащIэт, нэ хъыбэр хуэмыщIат.

ЗэрыжысIащи, ди адэр дуиуэшхуэуи щытащ икIи «АФТЭ Ч» жиIэу хьэрыпыбзэкIэ зытетха чытапышхуэ иIэт. Абы кърихыкI духьэ лъапIэхэмкIэ ар сэбэп яхуэхъурт сабий сымаджэхэм, балигъхэми узыфэ куэд, шынэри абы хэту, ящхьэщихырт.

Ди адэм си дэлъхумрэ сэрэ чытапми КъурIэнми дыкъеджэфу, къикIри къыдгурыIуэу дригъэсат, езыми, бзэ куэд зэрищIэр сэбэп къыхуэхъуурэ, КъурIэным итыр тыркубзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, адыгэбзэкIи зэридзэкIыфырт, хьэрыпыбзэри хуиту ищIэрт. Дыщригъаджэ зэманым КъурIэныр фIыуэ тщIэн щхьэкIэ, фо, безыр хэлъу, къытхуищхури дигъэшхат. ИтIани, мэл фIыцIэ тхуиукIауэ щытащ.

Ди адэмрэ абы и деж къакIуэ Мысостей (Аруан) къуажэ щыщ Къумахуэ Алийрэ ислъамым теухуа хъыбар гъэщIэгъуэн куэдхэр зэхуэIуатэрт. Хьилмышхуэ ябгъэдэлъу, Алыхьым и пащхьэм къикIа КъурIэн лъапIэр яIэщIэлъу, диныр, ислъамыр ягъэпэжу дунейм тетащ. Ди адэм къыкIэлъыкIуэу щытахэщ Даур Хьэзий, Шорэн Хьэшыр, Хьэкъул Азрэт сымэ. Абыхэм къакIэрымыхуу я щытхъу иIуатэрт Къалмыкъ Жумэлдин, Слъон Хьэчим, Дзэмыхь Мац, Бэрбэч Алимырзэ, Гъут Зулъкъэрми, Къущхьэ Ахьмэд, Жэбохэ Алимырзэ, Талъостэн, СутI сымэ.

Къызэрыхэзгъэщаци, куэдым сэбэп яхуэ хъурт ди адэр. Абы удз хущхъуэхэми хищIыкIырт. Дохутырым нэгъэсын хуейри иубзыхурти, езыр зыдэIэпыкъуфынури къищIэрт.

Ныбжь зиIэми щIалэгъуалэми фIыуэ къалъагъурт ар. ПщыхьэщхьэкIэрэ Къардэн Хъусен, Жабохэ Алий, Болэ, Абузер, ЖэбрэIил, Жэбалы Хьэбалэ сымэ зэ хуэсырти, хъыбар гъэщIэгъуэнхэр жаIэжырт, Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуауэ ди адэм яхуиIуатэ хэм хьэщыкъ хъуауэ ахэр щIэдэIухэрт. Жэщыр фIыуэ хэкIуэтауэ мо щIалэщIэхэр кIуэжыну щышыни къэхъур ти, ядэгушыIэу баш зырыз яIэщIилъхьэрт ди адэми, якIэлъыплъурэ иутIыпщыжырт.

Дэ тпэмыжыжьэ псы щхьэлышхуэм и гъунэгъуу унэ хужьышхуэм къуажэм щымыщ егъэджакIуэхэр щыпсэурт. Абыхэм урыси, ермэлыи, адыги, осетини яхэтт. Ахэр фIыуэ ялъагъурт, пщIэ хуащIырт. А унагъуэ зытхухым сыт щыгъуи зыгуэркIэ защIигъакъуэрт, Ди анэ-адэм абыхэм пщIэ лей хуащIырт, ерыскъыхэкIхэр, шэрэджыпсым къыщиубыда бдзэжьей, хадэхэкI хуэдэхэр худагъэхьэрыт. Псом хуэмыдэу бдзэжьей ещэным дихьэхырт ди унэкъуэщхэу Жэбохэ Талъостэн, Хьэмшакъ, Хьэмырзэ, Алимырзэ, Алий, Болэ, Мухьэмэд, Лиуан, ПIерош, Къэралбий сымэ икIи псапэ куэд абы хагъэкIырт. А лъэхъэнэм Аруан районым зоотехник нэхъыщхьэу щылажьэу щыта Жэбо Мухьэмэд, си адэм и къуэфIым хуэдэу, къыдэIэпыкъуу щытащ. ФIыкIэ сигу къинэжащ ди адэр сымаджэ щыхъуам, до хутыр къиишэурэ кърыгъэплъу, хущхъуэ гъуэтыгъуейхэри къыхуищэ хуу, дахэ къыжриIэу зэрыщытар. Зыщыгъэгъупщэгъуейщ ди гъунэгъу хъыджэбзыфIхэу, я хьэл-щэнкIэ щапхъэ зытрахым хуэдэу, тхьэрыкъуэ пщэхум хуэдэщ зыхужаIэу, ди къуажэ школым щызэдеджа, егъэджакIуэ IэщIагъэр къыхэзыхауэ щытахэу Жэбохэ Хьэужанрэ Лизэрэ, Жэбалыхэ Марятрэ ЖанIэфIрэ, Бэрбэч Къэрэжан, Мыщхъуэж Розэ сымэ. Си гум IэфIу къинэжащ ди унэкъуэщ зэшыпхъуитIым, Хьэужанрэ Маржанрэ, си дэлъху закъуэр я нэм, езыхэм я дэлъхуитIым япэ ирамыгъэщу пIэрэ жысIэу, я псэм хуахьу къызэралъэгъуар. Жэбалы Хьэбалэрэ Исмэхьилрэ ди анэкъилъхуу къытщыхъурт, апхуэдизкIэ гуапэу унагъуэкIэ дызэкIэлъыкIуэт, дызэрылъытэти. Сыкъыщыхъуа хьэблэм я гуапагъэ куэд си гум къинащи, дунейм ехыжахэм сэ фIыуэ яхужысIэр Тхьэм ялъигъэс, псэууэ нобэ дунейм тетхэми гъащIэ узыншэ, гукъеяуэншэ Алыхьым къарит. Псори мы тхыгъэм къыщысхузэщIегъэубыдакъым, икIи зи цIэ къыхэзмыгъэщу къэзгъанэхэм я жагъуэ ящIынкъым.

ЖЭБО-ХЬЭЦЫКIУ Катя.
Аруан (Мысостей) къуажэ.

Ди гукъыдэжыр зэлъытахэр

●ФIыщIэ

Узыншагъэ нэхърэ нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр къыщыпщIэр узым укъигъэдзыхэ щыхъуам и дежщ. Иужьрей илъэситхум абы и мыхьэнэр сэри нэхъ зыхэсщIащ. ЩIэхщIэхыурэ сыщIэлъын хуей мэхъу Налшык къалэ дэт Кардиологие центрым, гъащIэм хузиIэ гукъыдэжыр зыхуэдэр куэдкIэ елъытащ а сымаджэщым и лэжьакIуэхэм.

СЭ СЫЗЫЩIЭЛЪ хабзэ 3-нэ отделенэм и лэжьакIуэ псори зэщхь защIэу зрихьэлIэ жа жыхуаIэм хуэдэщ, дэтхэнэри псэ хьэлэлкIэ и IэнатIэм пэрытщ, я псалъэр щабэщ, я нэгур зэлъыIухащ. Си гугъэмкIэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр зи фIыщIэр а къудамэм и унафэщI Къанло Маринэщ. И къалэныр нэсу зэрызэфIихыным хущIэкъу а бзылъхугъэр къыхиха IэщIагъэм къызэрыхуигъэщIар нэрылъагъущ.

Псалъэ гуапэкIэ къыхээгъэщыну икIи фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт сэ къызэIэзэ дохутыр Бэрбэч Таисэ. Ар зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, дэтхэнэ зы сымаджэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэзыгъуэтыф бзылъхугъэ гуапэщ, и псэпэкIэ дах эмкIэ уи гукъыдэжыр къиIэтыфу.

Отделенэм щылажьэхэм фIы дыдэу къагурыIуэ псалъэ гуапэм, гулъытэм сымаджэм и дежкIэ иIэ мыхьэнэр икIи, зыкIэлъыплъхэм дэрэжэгъуэ гуэр зэрыратыным хущIэкъуу, я лэжьыгъэр ирахьэкI дохутырхэу Апэжыхь Оксанэ, Ержыб Альбинэ, медсестрахэу Жартуловэ Марэ, Дым Риммэ, Мэршэнкъул Людэ сымэ. Абыхэм псоми фIыщIэрэ щытхъурэ яхуэфащэщ.

Зи IэщIагъэм псэ къабзэкIэ бгъэдэтхэм псапэу къахьым щIэи гъуни иIэкъым. Узыншагъэ быдэ яIэу псэуну, дуней щIэращIэм гу щахуэну, илъэсыщIэ дызытехьэр яхуэугъурлыну сахуохъуахъуэ.

КЪАРДЭН Еленэ.
Зеикъуэ къуажэ.

●ХъыбарегъащIэ

Шал Хъусен фрегъэблагъэ

Ди республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми щацIыху уэрэджыIакIуэ Шал Хъусен Илъэсыщ Iэ концерт зыбжанэ итынущ. Ахэр щекIуэкIынущ Дзэлыкъуэ къуажэ (дыгъэгъазэм и 25), Налшык (дыгъэгъазэм и 27-м), Бахъсэн (дыгъэгъазэм и 28-м), Тэрч (дыгъэгъазэм и 29-м). Хъусен и уэрэд жыIэкIэм дихьэх псори концертхэм ирагъэблагъэ!

Концертхэр щыщIидзэнур сыхьэтыр 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

«Нур» сабий журналым Iэ тевдзэ!

2010 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм «Нур» сабий журналыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ, фепIэщIэкI - Iэ тедзэныр и кIэм нэблэгъащ.

Илъэс ныкъуэм къриубыдэу сом 42-рэ кIэпIейкIэ 90-кIэ (мазэм соми 7-рэ кIэпIейкIэ 15-кIэ) фи сабийхэм къахуэщхьэпэну тыгъэ лъапIэ яхуэфщIыфынущ.

«Нур» журналым Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пошт IуэхущIапIэ псоми.

Индексыр: 73912.

АнэдэлъхубзэкIэ сыпсалъэмэ

●Джэрпэджэж

«Бзэрэ псэрэ» жаIэ игъащIэми. Къэзылъхуа анэр зыгъэпэжым илъытапхъэщ къыдалъхуа и бзэр, Iэмал зэриIэкIэ ар игъэлъэпIэн, иригъэфIэкIуэн хуейщ. «Сыадыгэщ» жызыIэ дэтхэнэри и анэдэлъхубзэм и къабзагъэм ирипIейтейрэ абы зэрызиужьыным егупсысмэщ жиIэр щыпэжыр. Нэхъыжьым и щIэблэр къыдалъхуа и бзэм ирипсалъэу иримыгъасэмэ, дызыхэпсэукI нобэрей гъащIэм, хамэбзэр тепщэ щыхъуа зэманым дызыхуишэнкIэ хъунур гурыIуэгъуейкъым. Абы къикIыркъым и бзэм фIэкIа нэгъуэщI имыщIэу щIэблэр къэгъэхъун хуейуэ. Къэралым щызекIуэ, лъэпкъ псори зэрызэгурыIуэ урысыбзэр тщIэн абы щхьэкIэ къызэрымынэнур зи фIэщ мыхъу нобэ къытхэту къыщIэкIынкъым.

ИДЖЫБЛАГЪЭ «Адыгэ псалъэ» газетым Уэрэзей Афлик къытригъэдза «Адыгэбзэм ехьэлIа гупсысэхэр» тхыгъэм адыгэу имыгъэпIейтея куэд щыIэу фIэщщIыгъуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъым и дежкIэ нэхъ лъапIэу дунейм тетыр зэрыпсалъэ и бзэрэщ, аращ лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр. Ауэ нэсу иригузавэу, кууэ егупсысыфу пIэрэ дэтхэнэ зы цIыхури а Iуэхум? ЩыIэщ и бгъэм теуIуэу «сыадыгэщ» жиIэу къодэуэни, абы щыгъуэми зы мэскъалкIэ а псалъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэмимыгъэгузавэу икIи емыгупсысыххэу. Шэч зыхэмылъыр зыщ: «адыгэ нэс» жыхуаIэр, и хабзэр зэрищIэжым и гугъу умыщIи, и бзэм хамэбзэ къызэрыхимыгъэхьэным егугъуращ. ИтIани, языныкъуэхэм я псэлъэкIэм ущедаIуэкIэ, къыпщохъу и бзэкIэ къабзэу псэлъэну укIытэ, зи щхьэ тезымылъ хьэ къытхэту. Жып телефоныр (ар со товэу, мобильнэу жызыIэр куэдкIэ нэхъыбэщ иджы) къежьэн и пэкIэ зэрызэпсалъэу щыта кIапсэ телефоным и зэманым «къекIэпсэуащ» жаIэрт нэхъ зызыгъэадыгэхэм. Нэхъыбэм «звонить ящIу» арат. Иджыри аращ - «звонить нэсщIынщ» жаIэ. Абы нэхърэ нэхъыфIкъэ, нэхъ екIукъэ ущыадыгэкIэ, «сынэпсэлъэнщ» жыпIэмэ? Абы щхьэкIэ псалъэ лей жыпIэркъым. Е «тэрээ» щIыжумыIэнур сыт «весэ» жумыIэ? «Тумэн» жыпIэ хъунукъэ «дяс ять руб лей» жумыIэу, адыгэбзэм нэхъ екIуркъэ «тумэниплIыр» «сто рублейм» нэхърэ. Махуэ, сыхьэт бжыгъэхэр, махуэцIэхэр къызэрабжыр урысыбзэщ, ди бзэм апхуэдэ хэмыт хуэдэ. Щапхъэхэр куэд мэхъу.

Илъэс зыбжанэ и пэкIэ кърахьэжьауэ газетыр зытепсэлъыхьа Iуэхум - мазэцIэхэр адыгэбзэкIэ тхын, жыIэн зэрыхуейм, - къытрегъэзэж Уэрэзейм. Хэти фIэкъабылщ, зыгуэрхэри хуейкъым адыгэ мазэцIэхэм. Си щхьэкIэ Iуэхум сызэреплъращи, лъэпкъым диIащэрэт псалъалъэ къабзэ, хамэбзэу зы псалъэ хэмыту. Абы лъэпкъым и пщIэр нэхъ лъагэу иIэтыну фIэкIа и зэран къыдэкIынутэкъым, урысыбзэ тщIэни абы щхьэкIэ къэнэнутэкъым.

Урысыбзэм къых этхауэ ди бзэм хэзэгъахэм ящыщщ «газет» псалъэр. Нэхъыбэм зэрыжытIэр аращ, ауэ щыIэщ «кIэзет» жызыIи. Уеблэмэ адыгэбзэм ирилажьэхэм, ди тхакIуэхэм яхэтщ апхуэдэхэр. ЖаIэ щхьэкIэ ятхыркъым, екIуркъым птхынуи. ТIум нэхъри нэхъ сфIэтэмэму, нэхъ екIуу си гугъэу зы гъэ гуэрым къытрезгъэдзауэ щытащ «газетым» нэхърэ «бзалъэ» жытIэмэ мынэхъыфIу пIэрэ жысIэри. Си тхыгъэр къытрадзат, ауэ абы фIэкIакъым.

Адыгэбзэм ехьэлIауэ иджыри зы щапхъэ къэтхьынщ. Ди щIэблэ цIыкIухэр щеджэ адыгэ еджапIэхэм, Уэрэзейм зэрыжиIащи, адыгэбзэкIэ сэлам щызэрах щхьэ мыхъурэ? Сэ сызэреплъымкIэ, абы и закъуэкъым еджапIэхэм гу зылъатэн хуейр. ЕгъэджакIуэ ирехъ у, еджакIу эу щрет, хамэ яхэмыту адыгэ фIэкIа зэмыкIуалIэм, урыс хьэл яхэлъу сабийхэр я еджакIуэм цIэрэ адэцIэкIэ щхьэ щеджэн хуей? Си гугъэщ ари адыгэбзэм къемыкIу у.

Псом япэу гудзакъэ зыхудиIэн, дызыхуэсакъын хуейуэ лъэпкъым диIэр анэдэлъхубзэращи, девгъэгугъу ди бзэмрэ ди хабзэмрэ зэредгъэфIэкIуэным. И насыпщ и бзэм и къэкIуэным егупсысыфым.

Уэрэзей Афлик иришэжьа псалъэмакъым дыпэджэжу аращи, хэт ищIэрэ, цIыхум яфIэмыкъабыл щыуагъэ тIэщIэкIарэ гу лъыдвгъэтэжмэ, ди гуапэщ.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

Гъунапкъэхъумэхэм я хьэщIэхэр

Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 85-рэ зэрырикъур щагъэлъапIэм ирихьэлIэу «Бахъсэн Ипщэ» заставэм я хьэщIащ Прохладнэ муниципальнэ куейм и щIалэгъуалэ творческэ гупхэр.

П ОГРАНЗАСТАВЭМ и унафэщI Саркисов Сергей IэщIалъхьащ гъунапкъэхъумэхэм хуаша тыгъэхэр: ди къэралым къыщыдэкIа кинокомедиехэр зытет DVD-дискхэр, Сабий творчествэмкIэ центрым и гъэсэнхэм ягъэхьэзыра волейбол хъар, панно, «ЩIалэгъуалэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ и телъхьэщ!» къыхуеджэныгъэм щIэту ирагъэкIуэкIа щIалэгъуалэ зэхыхьэм хэтахэм я IэщIэдзхэр, хъуэхъухэр зытет футбол топ. Бысымхэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджыIакIуэхэу Нэгъуей Iэсият, Гемуев Магомед, Мусукаевэ Элизэт, Соловьевхэ Викторрэ Олесярэ, «Ислъэмей» лъэпкъ къэфакIуэ гупым, «Свобода выбора» брейк-данс гупым, рэпер Атабий Темборэ сымэ.

ЗэIущIэр къызэрагъэпэщащ Прохладнэ куей администрацэм щIалэгъуалэ IуэхухэмрэспортымкIэ и къудамэм и унафэщI Куценкэ Анатолий, IэщIагъэлI Доценкэ Иринэ, Къэрэгъэш, Заречнэ жылагъуэхэм я щIалэгъуалэм ядэлажьэ IэщIагъэлIхэу Ерокъуэ Русланрэ Рахаевэ Эльвирэрэ.

ЛУПЫРЕВЭ Иринэ.

●Атлетикэ псынщIэ

ЗэфIэкI зиIэхэр

Дыгъэгъазэм и 19 - 20-хэм «Юность России» стадионым щекIуэкIащ атлетикэ псынщIэмкIэ УФ-м и чемпионат. Я ныбжь елъытауэ гупищу гуэшауэ зэхьэзэхуэм хэтащ спортсмен 350-рэ.

ЩIЫШЫЛЭМ и 15 - 17-хэм атлетикэ псынщIэмкIэ Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм и чемпионату Волгоград щекIуэкIынум кIуэнухэр къыщыхаха зэхьэзэхуэм фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм. Апхуэдэу зыхэта спорт лIэужьыгъуэхэм пашэ щыхъуащ Жданов Игорь, Домакэ Юрий, Къущхьэ Залым, Пирог Олег, Хамэ Зурят сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

●КъБР-м и прокуратурэм

Захуагъэм гъуэгу егъуэт

Прохладнэ къалэм и прокуратурэм зэхигъэкIащ Приходькэ М. И. и тхьэусыхафэр.

АР АХЪШЭ ириту фэтэрым щIэс т, псэупIэкIэ къызэрагъэпэщыну къалэм и унафэщIхэм я къалэн пэтми.

Псалъэм и хьэтыркIэ, абы Прохладнэ и Щхьэхуитыныгъэ уэрамым тет унэхэм ящыщ зым и зэхуэдитIыр еящ. Адрейхэм хуэдэу ари ирахащ фэтэр 221-рэ хъу унэшхуэр яухуэну къыщрагъажьэм. 1997 гъэм щIышылэм и 13-м къалэ администрацэр тхыгъэкIэ шэсыпIэ ихьащ Приходькэ зы пэш хъу фэтэр иритыну. АрщхьэкIэ нобэр къыздэсым Iэрыхьакъым.

Къалэм и прокуратурэм администрацэр судым иритащ. 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м судым зэфIигъэувэжащ Приходькэ псэупIэкIэ иIэ хуитыныгъэхэр.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.

Iулъхьэу сом мин 45-рэ

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ КъБР-мкIэ МВД-м и ОСБ-мрэ Налшык къалэ УВД-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ К. Iулъхьэ къыIихыу яубыдащ.

ИУЖЬРЕЙМ ахъшэр къыIэщIигъэкIыну хэтащ Ч. налшыкдэс цIыхубзым, хабзэм къемызэгъ Iуэху илэжьа хуэдэу икIи абы ехьэлIа уголовнэ Iуэху къамыIэтыныр щхьэусыгъуэ ищIри.

Урысей Федерацэм и прокуратурэм и Следствэ Комитету КъБР-мкIэ прокуратурэм и деж щыIэм и Налшык къалэ следствэ къудамэм К. теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ. Яубыдар пIалъэкIэ щаIыгъ изоляторым щыIэщ.

Зи гугъу тщIа Iуэхум хуэдэ зылэжьхэм теухуа хъыбар зыщIэ щыIэмэ, фыкъэпсалъэ мы телефонхэмкIэ:

- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - **48-16-02**;
- КъБР-м щыIэ МВД-м и ОСБ-м - **40-75-01**.

КъБР-м и хабзэхъумэ IэнатIэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ центр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и протокол IэнатIэм и IэщIагъэлI **Хъуэт Ларисэ Хъусейн и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **Юсупов Хъусейн Iэбубэчыр и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ТекIужь Заретэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1,3,6-нэ нап.),* Цей Заирэ *(2,4,5-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.124 ● Заказ №4143